

## PANGJAJAP

Saéstuna geus lawas aya maksud hayang nerbitkeun bacaan anu sumberna tina naskah (*manuscript, handschrift*) Sunda téh, tapi kateug, da loba hahalang atawa lalangséna. Naskah Sunda anu ditulis leungeun téh aya anu maké tulisan atawa aksara Cacarakan Jawa, Arab-Pégon, jeung aya ogé anu ditulis ku aksara Latén (minangka hasil karangan/salinan pangbéhdieuna). Naskah Sunda anu ditulis maké aksara Cacarakan Jawa jeung Arab-Pégon mah kaayaan waruga naskahna (bahan anu dipaké nulis téks) matak pikahariwangeun, loba anu geus ruksak, teu bisa kapuluk deui eusina lantaran geus teu bisa dibaca. Ku kitu téa mah wajar lantaran umur naskahna anu geus heubeul jeung tempat neundeunna anu henteu nyuimponan pasaratan nu samistina. Dalah di Nagri Walanda, di Perpustakaan Bibliothek Leiden ogé, sanajan neundeunna dipusti-pusti geuning aya baé anu ruksak, aksarana caroplok tina waruga naskahna. Komo deui ieu mah, ilaharna, naskah Sunda anu bacacar di masarakat téh kapan diteundeunna ogé di para seuneu atawa dina jero koper, bésék (tolombong) anu babari ruksak dihakan rinyuh atawa sabangsaning hama séjénna. Lian ti éta, nu leuwih parna téh, loba naskah anu leungit lantaran kakeueum cai banjir, saperti nu kungsi kajadian di Bandung Kidul atawa kaduruk, saperti anu kungsi kajadian di daérah Karangpawitan Garut. Mun kitu kaayaanana, rupaning informasi anu kakandung dina naskah hasil tulisan leungeun karuhun Sunda baheula teh sirna, teu kungsi kawariskeun ka generasi sapandeurieunana. Anu matak naskah-naskah Sunda anu masih kasalamatkeun sarta bisa kénéh dibaca mah kudu gura-giru ditransliterasi (dialihaksarakeun) kana Latén, terus diterbitkeun supaya bisa kabaca ku balaréa. Ngan nya kitu, langka jalma anu daék ngagarap naskah lantaran dianggapna geus jauh tina kahirupan mangsa kiwari, geus jauh tina pangsa pasar--- jauh tina materi anu bisa dipaké jaminan keur kahirupan. Mun kitu, piraku onaman aya penerbit anu daék nerbitkeun bacaan anu sumberna tina naskah-naskah Sunda téa, iwal kudu daék narima karugian, saha pijalmaeunana?

Nilik wangunna, naskah Sunda anu mangrupa carita (naratif) téh karéréanana mah dianggit dina wangun puisi dangding (pupuh) anu katelah

wawacan téa. Ari anu kasebut wawacan, lolobana mah paranjang, tepi ka ratusan kaca. Contona baé, *Wawacan Layang Syeh Abdul Kodir Zaélani*, *Wawacan Ahmad Muhamad*, *Wawacan Suryaningrat*, *Wawacan Babad Cirebon*, *Wawacan Umarmaya*, *Wawacan Prabu Kéan Santang*, *Wawacan Walangsungsang*, *Wawacan Sanghyang Jagatrasa*, jeung *Wawacan Nabi Paras*.

Nilik hasil alihaksara (transliterasi) anu sakitu kandelna, loba penerbit anu mandeg-mayong, antukna ngabatalkeun pikeun nerbitkeun buku bacaan karandel anu sumberna tina naskah wawacan. Kawasna mah henteu kaerongeun bakal aya dana proyék pamaréntah anu sanggupeun meuli buku bacaan anu kandelna amper dua rim. Komo deui ieu mah buku bacaan dina wangunan pupuh, beuki ngoléséd baé, da puguh langka, mun teu disebut euweuh ogé, jalma nu daék mareuli buku bacaan Sunda anu karandel. Matak wegah keur anu rék maracana.

Upama dibandingkeun, buku bacaan dina wangun prosa, saperti buku-buku bacaeun barudak, kayaning: dongéng, carpon, jeung novel jumlahna leuwih loba dibandingkeun jeung buku bacaan dina wangun puisi ugeran, saperti *wawacan*, *carita pantun*, *sisindiran*, *pupujian*, jeung *sawér*. Éta ogé kungsi aya sababaraha buku bacaan mangrupa carita pantun anu terbit ku alpukahna Ajip Rosidi. Hanjakal ukur tepi ka perpustakaan, henteu tepi ka bisa dikonsumsi ku balaréa lantaran jumlahna kawatesanan. Ari buku bacaan anu mangrupa wawacan mah saeutik pisan. Nu masih kénéh aya, bari hésé ditéanganana, nyaéta *Wawacan Purnama Alam*. Kitu ogé anu maraca téh karéréanana mah paramahasiswa anu meunang tugas ti dosénna, kapaksa kawasna mah.

Kiwari geus gelar kurikulum anyar basa jeung sastra Sunda anu disebut KTSP téa. Ieu kurikulum anu diparajian dina bulan Juni 2006 ku Bapa Gubernur Jawa Barat eusina nétélakeun yén basa jeung sastra Sunda kudu diajarkeun ti mimiti TK tepi ka SMA/SMK/MA di sakuliah Jawa Barat. Tina sajumlah matéri anu kudu ditepikeun ku guru ka parasiswa téh, di antarana, aya anu patali jeung sastra Sunda buhun. Anu kaasup kana salah sahiji *genre* sastra Sunda buhun téh, nyaéta *wawacan* jeung *carita pantun*. Buku-buku bacaan anu mangrupa wawacan langka pisan. Ku sabab kitu, dina raraga mapag jeung ngawujudkeun hasil putusan Gubernur Jawa Barat (Perda Nomer 5 Taun 2003), perlu nyusun jeung nerbitkeun

buku-buku bacaan Sunda anu salah sahiji sumberna, di antarana, tina naskah Sunda heubeul anu mangrupa wawacan. Mémang, enya leukleuk pisan, macaan naskah-naskah wawacan anu warugana geus ruksak sarta ditulis lain ku aksara Latén. Tapi upama heunteu gancang dibukukeun kaburu ruksak mantén, eusina moal bisa kabaca ku barudak atawa generasi Sunda ayeuna jeung jaga. Ari kitu, saha jeung penerbit mana anu sanggup nerbitkeun buku bacaan anu sumberna tina naskah Sunda heubeul mangrupa wawacan?

Reueus pisan, acungan jempol ka Direktur Penerbit CV Mugni, Kang Haji Rahman anu kalawan daria seja bajuang baris nerbitkeun buku-buku bacaan anu mangrupa wawacan keur bacaeun barudak sakola, mahasiswa, jeung balaréa anu haat kana hasil karancagéan karuhunna. Bagéa, mugia ginuluran paneja ieu penerbit, nanjung sarta aya dina panangtayungan Gusti Nu Mahaagung. Amiin.

Gegerkalong Girang, November 2007  
Pupuhu Tim Transliterasi,

Dr. Dedi Koswara, M.Hum.

## WAWACAN KEAN SANTANG

// Bismillahirrahmanirrahim

### I. PUPUH DANGDANGGULA

1. Dangdanggula jadi tembang kawit,  
pamedaran wewengkon samada,  
tegesna yén samada téh,  
riwayat karuhun,  
karuhun anu berbudi,  
katampa ku bujangga,  
bujangga nu luhung,  
ari tegesna bujangga,  
anu sidik wewengkon karuhun surti,  
wali serta ulama.
2. Anu matak aya kaol deui,  
ditampanan ku ki bujangga,  
rajeun henteu sapagodas,  
sababna nu matak kitu,  
saupama kai maranggi,  
pada boga karangan,  
euweuh nu teu lucu,  
pinter téh rajin ngaranna,  
percéka hasil maksud lain kidib,  
tara hianat jeung kitman.
3. Saéstuna amanatjeung tablig,  
sidik bener amanat percaya,  
ngadatangkeun anu saé,  
hukum nu bener punjul,

bener tina lobana kawi,  
da ari kebatna mah,  
éta kénéh hukum,  
saperti mungguhing gajah,  
sipat sato aya hulu buntut deui,  
tapi ngaranna mah gajah.

4. Hulu gajah buntut suku deui,  
éta gajah minangka bujangga,  
papada lobaning kaol,  
mangga manah saéstu,  
nya bujangga nya musanip,  
antukna mah satunggal,  
anu matak kitu,  
loba kaolna bujangga,  
pertawis ilmu yang widi sugih,  
henteu aya upamana.
5. Réa pisan anu jadi manis,  
dongéng pikeun purwaning carita,  
wiwitan anu kacarios,  
amung ampun tabé pun,  
wiréh ngadamel sim kuring,  
lain maksa bumisa,  
wiréh tanpa guru,  
atawa nyanyahoanan,  
tobat pisan manawi sulaya pikir,  
mugi ageung hampura.
6. Margi yaktos kaleresan kawi,  
saéstuna ieu téh sajarah,

mugi diwuwuhan baé,  
mujijat Kangjeng Rasul,  
dipadangkeun nya birahi,  
ti nu geus kenging rahmat,  
agung nya panuhun,  
ditarima kumawula, // 3  
mugi-mugi dijauhkeun nya balai,  
dongkap rijki sareng rahmat.

7. Mugi asih sanak kulawarga,  
kitu deui mugi katetepan,  
tekad anu leuwih saléh,  
ka sadaya dulur-dulur,  
moal pegat rék pancakaki,  
tunggal Adam jeung Hawa,  
teu pisah karuhun,  
mana abdi nurut hibar,  
ka sadaya wargi-wargi,  
miwah ka para juragan.
8. Lahiriah kaulaning gusti,  
abdi seja nyalindungkeun awak,  
saking ku raos bodo,  
dunungan abdi nu agung,  
hirup ka tungkul ku pati,  
paéh teu nyaho nya mangsa,  
pirang-pirang nuhun,  
ka Gusti nu sipat rahman,  
sareng deui nyaéta nu sipat rahim,  
mugi Allah ngahampura,

9. Salajeungna ieu nu ngagurit,  
nyaritakeun ratu nu baheula,  
aya sahiji karaton,  
ngabawah para ratu,  
nama Prabu Siliwangi,  
pakuan Pajajaran,  
yén karaton baru,  
jadi Pakuan kadua,  
dua nagri karatonna nu kahiji,  
Pajajaranséwu téa.

10. Nu kadua // nelah Majapahit, 4  
nu ngaraton Prabu Hariangbanga,  
Pajajaran wétan karaton,  
damelna waktu keur pupuh,  
sami merbu raka jeung rai,  
hiji mangsa di Pakuan,  
gaduh putra pamuk,  
jenengan Gagak Lumajang,  
kagagahanana taya anu tanding,  
lir panah tajimaléla.

11. Enggeus mashur yén sapulo jawi,  
samalahan Pajajaran wétan,  
Majapahit enggeus kawon,  
sanggeus jumeneng pamuk,  
enggeus taluk kabéh parajurit,  
taya nu nyangga puliya,  
kagagahan Lumaénama,  
wakil rama sanggeus jadi sénapati,  
nama Prabu Kéan Santang.

12. Salamina jadi sénapati,  
henteu terang di getih anjeunna,  
jiga kumaha rupa téh,  
pesen liwat langkung,  
anu jadi ciptaan galih,  
palay getih anjeunna,  
sakitu nya maksud,  
siang wengi ngan ngamanah,  
anu matak kitu manah anu lantip,  
tacan wareg ngalaga.

13. Lian kitu henteu kapigalih,  
yuswa anom teu palay garwaan,  
taya kapetolan kabéh,  
mendak agama Hindu,  
mangsa harita di Jawi,  
yén aya agama Islam,  
malangmang-mulungmung,  
Pangéran Gagak Lumajang,  
henteu kinten manahna takabur ati,  
pésen getihna sorangan.

14. Saumurna teu terang di getih,  
getih dina jero salirana,  
nu matak teu uninga ogé,  
saking ku tina pamuk,  
henteu teurak ku pedang keris,  
énggalna Gagak Lumajang,  
harita keur lungguh,  
di payuneun Prabu Pakuwon,



Siliwangi mariksa alon jeung manis,  
Radén Gagak Lumajang.

15. Ari Ama téh nanya anu yakin,  
pasemonan Radén kawas anu susah,  
coba Ama geura walon,  
naon anu dianggo ngangluh,  
bisi palay putri geulis,  
entong dipaké kasusah,  
radén anu gaduh,  
sumawonna // palay ngaraja, 6  
kapan eukeur ku Ama dijieun wakil,  
najan kabéh para raja.

16. Beunang Radén nalukkeun perjurit,  
Anu matak Radén meunang nama,  
Prabu Kéan Santang ogé,  
Pangéran Gagak Lumayung,  
nu ngauban sa-Pulo Jawi,  
matak Gagak Lumajang,  
perjurit nu punjul,  
saking ku sanget istijraj,  
cedok nyembah Gagak Lumayung ka Gusti,  
kinanti unjukan terang.

## II. PUPUH KINANTI

1. Unjukan Gagak Lumayung,  
kaulanun Rama Gusti,  
kang putra sanés ku éta,

lain hayang gaduh rai,  
lain hayang jadi raja,  
dalahna milih sim abdi.

2. Jadi sénapati pamuk,  
ayeuna lirén ngajurit,  
jadi alang-kumapalang,  
ceta seubeuh maju jurit,  
susah hayang mendak lawan,  
sinareng jisim abdi.

3. Saumur gumelar hirup,  
pésen ka gusti pribadi,  
teu terang getih sorangan, // 7  
cindekna piunjuk abdi,  
ayeuna neda mupakat,  
pikeun pimusuheun abdi.

4. Prabu Siliwangi nyaur,  
ka Rahadén Arga Patih,  
héy ayeuna Patih Arga,  
kumpulkeun nujum nu sidik,  
sarawuh jeung para raja,  
anu teguh parajurit.

5. Aya euweuhna nu pamuk,  
unjuk sumangga Dén Patih,  
parantos timbalan angkat,  
anggalna lampah Dén Patih,  
sakabéh nujum geus dongkap,  
sakur nu aya di nagri.

6. Marek kabéh para nujum,  
énggal Prabu siliwangi,  
terus mariksa harita,  
ka sakabéh nujum sidik,  
jeung sadaya para raja,  
geus pada marek ka gusti.
  
7. Ayeuna ménta pituduh,  
ieu di wewengkon Jawi,  
dikira saha jalmana,  
nu patut ngayonan jurit,  
jeung saha nu unggul laga,  
ngéléhkeun perjurit kami.
  
8. Nya Radén Gagak Lumayung,  
geura seug nujum ka kami,  
ki nujum tungkul sadaya,  
nujum // sami pada mikir,  
sarusah arék unjukan,  
ku sabab tacan kaéling.
  
9. Kocap aya hiji nujum,  
milu campur nyiliwuri,  
henteu wawuh jeung nu réa,  
nyaéta Malak Jabrail,  
bari nanggalkeun lantaran,  
heug unjukan aki-aki.
  
10. Sumuhun dawuh Sang Prabu,  
ari émut sim abdi,

ngoréhan di Pulo Jawa,  
tangtu moal aya tanding,  
nu ngungkulan tuang putra,  
Prabu Kéan Santang Aji.

11. Ngan aya ogé geus tangtu,  
pilawaneun putra Gusti,  
ngan sanés di Pulo Jawa,  
ayana di Mekah nagri,  
jenengan Ali Murtada,  
Bagénda Ali bin Tolib.

12. Amung tebihna kalangkung,  
ayana di puseur bumi,  
Pulo Mekah Nagri Arab,  
malah ceuk sakaol deui,  
geus kasebut macan Allah,  
amung sareng putra Gusti.

13. Itu-ieu tacan tangtu,  
nu ungggul nalika jurit,  
duka mana anu kalah,  
ngan geus tangtu mendak tanding,  
sakitu abdi unjukan,  
kagét // Prabu Siliwangi.

9

14. Ngadawuh deui ka nujum,  
terangkeun baé sakali,  
tiap maneh bisa norah,  
pikawoneun kitu deui,  
tangtu kapanggih ayeuna,

coba seug sebutkeun deui.

15. Mana anu baris unggul,  
mana anu baris sisip,  
ki nujum barang dipaksa,  
teu kanti unjukan deui,  
les leungit ilang musna,  
ti payuneun Siliwangi.
  
16. Ratu kagét jeung para nujum,  
ka mana ceuk Siliwangi,  
para nujum arunjukan,  
duka abdi teu tingali,  
malah henteu wawuh pisan,  
eujeung éta aki-aki.
  
17. Samalah waktuna campur,  
jol sorangan nyiliwuri,  
ari abdi kabéh rempag,  
rempag sareng batur abdi,  
nyanggakeun dikabodoan,  
geus teu bisa norah Gusti.
  
18. Hookeun Gagak Lumayung,  
hanjakal ku aki tadi,  
énggalna Radén Lumayung,  
geus henteu ngisukeun deui,  
unjukan harita pisan,  
jisim abdi neda idin.
  
19. Ayeuna badé dijugjug,

panorah aki nu leungit,  
enya hayang geura terang,  
mendakan Bagénda Ali,  
gancang mangkat Sang Lumejang,  
ka luar jero nagri.

20. Amung Siliwangi Prabu,  
siang wengi pasang kuping,  
kocapkeun Gagak Lumajang,  
kebat angkat leuwih gasik,  
ngulon Rahadén angkatna,  
nyorang hiji tempat resik.

21. Pantes dianggo tumenggung,  
lirén dina tempat suni,  
nyaeta di Hujung Kulon,  
lajeng muja heula calik,  
paneda éta ka dewa,  
paneda nu mujasmedi.

22. Ka dewa ing marawolu,  
ka dewa asapa malih,  
jisim abdi neda terang,  
mun yaktos di puseur bumi,  
aya pikeun tanding lawan,  
nu ngaran Bagénda Ali.

23. Mugi paparin pituduh,  
teu lami waktuna deui,  
aya gentra teu katingal,  
héy Gagak Lumayung jurit,

atawa Garantang Sétra,  
ayeuna panglandi kami.

24. Lain déwa marawolu,  
ieu kami nu ngalandi,  
soara teu katingal,  
perkara manéh rék nguji,  
nyaéta ka Nagri Mekah,  
ngabujeng Bagénda Ali.

25. Ayeuna yén aya di ditu,  
geus tinangtu manéh // panggih,  
reujeung ngaran manéh pisan,  
ku kami manéh dilandi,  
nyaéta Garantang Sétra,  
tegesna sétra beresih.

11

26. Tegesna Garantang maksud,  
tangtu papanggih jeung suci,  
helos manéh geura iang,  
kebatkeun saniat tadi,  
Gagak Lumayung ngoréjat,  
ti Hujung Kulon geus indit.

27. Geus sumping ka sisi laut,  
Radén teu kandeg ku cai,  
tuluy baénapak kancang,  
najan ngapung nerus bumi,  
jadi geus taya halangan,  
istijraj enggeus dumadi.

28. Sigeugkeun Gagak Lumayung,  
eukeur ngambah di jaladri,  
katunda lampah di jalan,  
ganti anu kocap deui,  
Kangjeng Nabi Rosulullah,  
mangsa di Mekah keur linggih.

### III. PUPUH SINOM

1. Kangjeng Gusti Rosulullah,  
dideuheusan para mumin,  
sarawuh para sahabat,  
Abubakar Umar Ali,  
Usman sareng Ratu Jin,  
sadaya pada kumpul,  
anu keur barahimpun, // 12  
kersana Kangjeng Nabi,  
rék ngadamel tambah tihang masjid Mekah.
2. Tujuh tihang nu ditambah,  
harita ngan kirang hiji,  
tapi Gusti enggeus mendak,  
tihang kuning ti Ratu Jin,  
pangaosna tacan jadi,  
ka manahna mah geus puguh,  
diparios pangaosna,  
nyaeta ku Kangjeng Gusti,  
Ratu Ejin teu acan wantun unjukan.
3. Kangjeng Nabi seug mupakat,



ka para sahabat mumin,  
piunjuk para sahabat,  
ngiring galih Kangjeng Gusti,  
Kangjeng Nabi ngalahir,  
gentrana manis jeung arum,  
nyéta ka Ratu Jin téa,  
keresana Kangjeng Gusti,  
rék maparin uang mas ngagaleuh tihang.

4. Hiji kaol saratus dinar,  
sarébu lima ratus ringgit,  
ari kaol kaduana,  
tilu ratus dinar deui,  
opat rébu lima ratus,  
sang raja ejin unjukan, // 13  
najan Gusti maparin uang laksana.

5. moal kasanggakeun pisan,  
amung paneja sim abdi,  
lamun sabobotna tihang,  
seja ngiring jisim abdi,  
sareng teu tangtos ku duit,  
sarupi naon baé nun,  
supaya sabobot tihang,  
kadangu ku Kangjeng Nabi,  
piunjukna Ratu Jin kersa ngiringan.

6. Kangjeng Nabi lajeng nyerat,  
unggel lapad bismillahi,  
prak dibobot ku bismillah,  
hampang tihang ti Ratu Jin,

kitu éta ajaib,  
tihangna téh éta ngapung,  
beurat ka lapad bismillah,  
hampang tihang ti Ratu Jin,  
tihang ti jin henteu kuat ka mujijat.

7. Ratu jin suka manahna,  
nya kitu anu dipamrih,  
Ratu Jin sujud unjukan,  
seja nyanggakeun sim abdi,  
narima Kangjeng Nabi,  
ka sahabat heug ngadawuh,  
isuk kabéh sahabat,  
Abubakar Usman Ali,  
tabuh tujuh isukan kudu kumpul.

8. Neruskeun ngadegkeun téa,// 14  
sertana deui ka Ali,  
isuk kudu bawa tongkat,  
teteken ulah dék lali,  
sahabat unjukan tadim,  
sumangga dawuh Rasul,  
parantos kenging dawuhan,  
budal mulih para mumin,  
sadayana sahabat marulih heula.

9. énggalna ieu carita,  
reup peuting bray isuk deui,  
kocap Bagénda Ali téa,  
tabuh lima geus sayagi,  
nyandak teteken Nabi,

barangna éta rék lungsur,  
sumping Malaikat Jibril,  
heug megatan Bagénda Ali tong waka.

10. Ulah arék waka angkat,  
bener jangji Kangjeng Nabi,  
tabuh tujuh kudu aya,  
kudu geus aya di masjid,  
kaula nanggél ka Ali,  
bilih bendu Kangjeng Rasul,  
kudu geus tabuh salapan,  
waktuna ti dieu indit,  
anu matak antara tabuh salapan.

11. sabab bakal aya sémah,  
tatamu ngabujeng Ali,  
tatamu di Pulo Jawa,  
geus kudu baé // dianti, 15  
wayahna antos ku Ali,  
ngan upama enggeus tepung,  
sakalian baé candak,  
ngadeuheus bae ka Nabi,  
saupama teu dongkap tabuh salapan.

12. éta tamu henteu dongkap,  
Ali hadé baé indit,  
lajengkeun ngadegkeun téa,  
sanggeus wuwuruk Jabrail,  
musna harita leungit,  
ku Gusti Ali diturut,  
ngantos tatamu nu dongkap,

jeung manah Bagénda Ali,  
aya manah kaduhung teu naros heula.

13. maksudna tatamu téa,  
Jabrail kaburu mulih,  
tatapi teu sakumaha,  
manahna Bagenda Ali,  
da beunang ku engké deui,  
ditaros maksud tatamu,  
tatamu sumping harita,  
waktuna éta geus manjing,  
perjangjian nya dina tabuh dalapan.

14. Harita sémah teu datang,  
lieuk deui-lieuk deui,  
nyeri beuheung sosonggéteun,  
manahna téh Gusti Ali,  
gaduh timburu saeutik,  
ka nu maparin pituduh,  
palangsiang téh rancana,  
Syétan ngagoda ka aing, //  
Gusti Ali lajeng jengkar ti bumina.

16

15. Barangna sumping ka jalan,  
di jalan éta papanggih,  
jeung Prabu Kéan Santang,  
Kéan Santang seug ningali,  
ka eta Bagénda Ali,  
sama tacan padaweruh,  
celuk-celuk sang Lumajang,  
ka éta Bagénda Ali,

kieu pokna kaula Bapa dagoan.

16. Gusti Ali seug ngantosan,  
jeung nyandak teteken deui,  
ditancebkeun kana lemah,  
Prabu Kéan Santang sumping,  
pendak jeung Bagénda Ali,  
Pangéran Gagak Lumajang,  
naros kieu saurna,  
maap Bapa kuring,  
jisim kuring seja tumaros ka Bapa.

17. Neda dituduhkeun jalan,  
Pakuwon Bagénda Ali  
éta di mana tempatna,  
mugi dituduhkeun kuring,  
kadangu ku Bagénda Ali,  
kagét manahna kalangkung,  
engké Agus heulaanan,  
pun Bapa bet hayang seuri,  
rangah-reungeuh ditaros kitu ku Ujang.

18. Kakara ieu di Mekah,  
sadaya // pada tingali, 17  
pakuwon Ali Murtada,  
mung Agus anyar pinanggih,  
serta Bapa teu tingali,  
na ti mana kutan Agus,  
banjar karang panglayungan,  
nya baligeusan ngajadi,  
saur Prabu Kéan Santang sukur pisan.

#### IV. PUPUH PANGKUR

1. Pangéran Gagak Lumajang,  
henteu kinten gonjléngna kaliwat saking,  
héy Bapa lamun téa weruh,  
kuring téh urang Jawa,  
ngaran kula Gagak Lumayung,  
atawa Gagak Lumajang,  
Prabu Kean Santang Aji.

2. Nu gagah di Pulo Jawa,  
Den Garantang Sétra ngaran,  
nu mawi jauh dijugjug,  
anggang-anggang ditéang,  
anu ngaran Bagenda Ali téh pamuk,  
kaula hayang ngasaan,  
digjaya Bagénda Ali.

3. Sabab kaula di Jawa,  
enggeus garung taya pilawaneun jurit,  
kitu margina ngajugjug,  
tah kitu nya maksud,  
niat kula ku Bagénda Ali kadangu,  
heug maca // alhamdulillah,  
nugrahing Rabulalamin.

4. Sujud sukur ka Yang Sukma,  
mung tékad Bagénda Ali nu doip,  
henteu pisan-pisan kitu,

ngagung-ngagung kagagahan,  
teu rumasa nu gagah amung Yang Agung,  
raga nyawa gagaduhan,  
titipan kagungan Gusti.

5. Bagénda Ali ngandika,  
atuh Agus sumangga pun Bapa ngiring,  
Bapa rék awéh pituduh,  
tinangtu Ujang tepang,  
tatapina engké di payuneung Rasul,  
Sareng Bagénda Ali éta,  
Keur ngadegkeun wantob masjid.
6. Jung angkat Gagak Lumajang,  
engkeun Bapa engkénuduhkeun sing sidik,  
Gagak Lumayung ti pungkur,  
antara enggeus sapal,  
enggeus tebih émut kana tungked kantong,  
Bagénda Li ningal ka tukang,  
sartana bari ngalahir.
7. Masya Allah Agus hilap,  
nun Bapa téh tinggaleun tungked geuning,  
abong-abong enggeus sepuh,  
Raden pangnyandakeun heula,  
karana Allah énggalna // Gagak Lumayung,  
wangsul deui nyandak tungked,  
geus sumping ka urut tadi.
8. Tungked nanceb kana lemah,  
heug dicandak ku pananganana deui,

barang jung éta dicabut,  
tungked weléh henteu beunang,  
dodogeran Pangeran Gagak Lumayung,  
pageuh weléh henteu beunang,  
Prabu Kéan Santang pusing.

9. Jeung maca astagailah,  
kurang ajar tungked ngawawanén teuing,  
moal sabaraha teguh,  
Radén ngéwarkeun kaway,  
duanana panangan kénca katuhu,  
dicabut pageuh teu beunang,  
nyabutna jeung leuwih tarik.

10. Tungked pageuh nanceb lemah,  
batan beunang anggur kambles kana bumi,  
sampéan Gagak Lumayung,  
semet tuur duanana,  
ka jero taneuh séép tanagana ripuh,  
geus séép kadigjayana,  
leuleus lesu tulang sandi.

11. Kariput tina salira,  
metu dasat tingpaleletuk bijil getih,  
rampuyuk Gagak Lumayung,  
saumur // kakara ningal,  
bijil getih lamokot sabulu-bulu,  
ngaraos apes salira,  
duh cilaka awak aing.

12. éling sasambat ka déwa,



kieu pokna duh jiwa asa ngamalih,  
Radén Dewa Marawolu,  
abdi tukang kadigjaya,  
Kéan Santang beunang sasambatna kitu,  
wuwuh teunangan salira,  
tanaga kawasa leungit.

13. Kabujeng baé ku Bapa,  
masya-Allah naha Ujang lami teuing,  
ngawalon Gagak Lumayung,  
Bapa kuring henteu kiat,  
ieu tungked bet henteu beunang dicabut,  
carék Bapa naha kumaha,  
kapan Agus gagah sakti.

14. Tapi iteuk henteu beunang,  
mani kalah naha Bapa heran teuing,  
Pangéran Gagak Lumayung,  
Bapa kuring henteu kuat,  
lahir Ali cik ku Bapa urang cabut,  
barina maca kalimah,  
nyaéta solawat nabi.

15. Allah humma solli ala,  
Muhammadin wa ala ali,  
Muhammad laillaha ilallahu,  
Muhammada Rosulullah,  
Guti Ali sanggeus ngaos éta tutup,  
sareng // Kéan Santang jagjag,  
Gusti Ali walon deui.

16. Lamun Agus teu uninga,  
nu dibaca palakiah tadi,  
paranti pangapes pupuh,  
cék Radén astagailah,  
aéh-aéh Bapa kutan éta kitu,  
engké kula arék nanya,  
mun geus tepang sareng Ali.

17. Tapi éta palakiah,  
aya deui karepna salian jurit,  
salian ti pangapes pupuh,  
jeung unggel Bapa kumaha,  
palakiah éta basa kuring nyabut,  
lajeng Bapa téh ngandika,  
cék Bapa mah aya deui.

18. éta téh patokan Islam,  
enya éta ngaran kalimah kalih,  
ari piagem luluhur,  
nyaéta kitab Quran,  
saha-saha nu teu ngaji enggeus tangtu,  
disiksa di alam mashar,  
ingkar tina umat Nabi.

19. Aya di dasar naraka,  
Radén Gagak Lumayung prihatin galih,  
rumaos agama Hindu,  
énggalna ieu carita,  
Sang Lumajang saparantos naros kitu,  
kebat angkat // sareng Bapa,  
ngadeuheus ka Kangjeng Nabi.

20. Sumping ka Masjidil Haram,  
Kangjeng Nabi kasondong jeung paramumin,  
miwah sahabat karumpul,  
Abubakar Umar Usman,  
enggeus pada nyandak tihang anu tilu,  
ngan kantun sahiji tihang,  
sabab ngantos Bagenda Ali.

21. Kangjeng Nabi seug mariksa,  
naha Ali mana lami-lami teuing,  
didago ku batur-batur,  
aya naon nya halangan,  
ajrih mando Bagenda Ali tumungkul,  
sumuhun dawuh gamparan,  
sanget pamengan sim abdi.

22. Aya tatamu ti Jawa,  
taya sanés nu dibujeng nya abdi,  
maksudna anu geus tangtu,  
margi garung di Jawa,  
taya dua gagahna unggul ti batur,  
ngaran Prabu Kéan Santang,  
Pangéran Gagak Lumiring.

23. Atawa Gagak Lumajang,  
pang ka dieu badé mendakan sim abdi,  
sareng agamana Hindu,  
Kéan Santang gagah pisan,  
geus kadangu Bagénda Ali piunjuk,  
noél barina // ngandika,

kutan Bapa Bagénda Li.

24. Lamun tadi ngaku nama,  
tangtu moal matak isin teuing,  
lajeng Kangjeng Nabi nyaur,  
gentrana kalangkung nimat,  
pangandika Kangjeng Rasul,  
sukur tatamu nu gagah,  
maksud éta mangké deui.
25. Ieu ménta tulung heula,  
ngajungjungkeun ieu tihang masjid,  
Prabu Kéan Santang nyaur,  
mangga ngiringan sim abdi,  
Kéan Santang Pangéran Gagak Lumayung,  
geus kek nyandak hiji tihang,  
tihang keur Bagénda Ali.
26. Nya kitu parasahabat,  
Abubakar Umar Ali padanyangking,  
barang tihang rék dijungjung,  
sakabéh maca kalimah,  
geus jung ngadeg nu hiji tacan tangtung,  
nyaéta Prabu Kéan Santang,  
teu maca kalimah kalih.
27. Dodogéran teu kaangkat,  
enya eta Pangéran Gagak Lumiring,  
ti batan tihang ngajungjung,  
dampalna kambles pisan,  
cikaringet barijil sabulu-bulu,

ilmuna sadaya // ka Mekah,  
cumah sakabéhna sihir.

24

## V. PUPUH DURMA

1. Kéan Santang nyaur salebeting manah,  
ieu lalampahan aing,  
kasiku ku Rasulullah,  
najan mulang ka Jawa,  
geus tinangtu diri aing,  
cilaka cambal,  
pikir wirang reujeung rujit.
2. Ayeuna mah angguran aing rék pasrah,  
agama Hindu teu hasil,  
jaga komo cilaka,  
ayeuna geus wirang,  
Prabu Kéan Santang indit,  
rek ngadeuheusan,  
ka payuneun Kangjeng Nabi.
3. Kangjeng Nabi mariksa ka Kéan Santang,  
gentrana leuwih manis,  
nimat pisan nya manah,  
héy manéh Kéan Santang,  
naon maksud kuma deui,  
pangadeuheusan,  
Kéan Santang unjuk tadim.

4. Kaulanun ageung bebendu gamparan,  
mugi idin kersa Gusti,  
nyanggakeun dikabodoan,  
Gusti langkung waspada,  
rék ngiring agama suci,  
ngiringan béat, // 25  
sarengna jisim abdi.
5. Ku paneja geus moal mulang ka Jawa,  
seja ngiring dampal Gusti,  
Kangjeng Nabi narima,  
insya-Allah Kéan Santang,  
ari geus dongkap birahi,  
kitu pikiran,  
ulah sok tuturut munding.
6. Kéan Santang tumut kana piwuruk,  
wuwuh pisan birahi,  
Kangjeng Nabi ngadunga,  
neda ka Yang Mahamulya,  
dipadangkeun caang pikir,  
manahna Santang,  
putus paneda Nabi.
7. Kawas konéng katerapan apu téa,  
satekanaan kangdumadi,  
makbul pisan sakersana,  
siang wengi henteu kendat,  
wahyu ti Yang Mahasuci,  
sakersana,  
ka Nabi Rasul kakasih.

8. Kéan Santang piwuruk Nabi kamanah,  
serta terap birahi,  
langkung padang manahna,  
dibuka hijab ku Allah,  
Kangjeng Nabi jeung ngalahir,  
ka Abubakar,  
héy Ki Abubakar Sidik.

9. Papatahan ieu Radén Kéan Santang, // 26  
wuruk aji Quran deui,  
Abubakar narima,  
miwah sahabat sadaya,  
ngiring satimbangan Gusti,  
Gagak Lumajang,  
manahna kasmaran galih.

## VI. PUPUH ASMARANDANA

1. énggalna nu mangun gurit,  
siang wengi Kéan Santang,  
henteu weléh ngaos waé,  
dibanding parasahabat,  
geus padaasih sadaya,  
kawuwuhan Kangjeng Rasul,  
asihna ka Kéan Santang.
2. énggalna nu mangun gurit,  
sanggeus tetep Kéan Santang,  
beurang peuting wekel ngaos,

pitulung Allah Taala,  
kaungkulan ku mujijat,  
tina asihna luluhur,  
ngaosna kabéh kabuka.

3. Lamina kakocap deui,  
ngaosna di Nagri Arab,  
geus sataun lamina teh,  
sakabéh kitab kamanah,  
taya kitab nu kaliwat,  
wantuning di tempat makbul,  
sagala énggal kapaham.

4. Ngaosna kabéh kacangking,  
lajeng ngaos tata karama,  
adab tua anom kabeh,  
henteu kandeg berjamaah,  
siang wengi // henteu anggang,  
satuluyna pék tabaruk,  
tarékat hakékat awas.

27

5. Guru tarékat ka Nabi,  
sami wuwuh ibadahna,  
lima waktu langkung getol,  
tambah manah beuki mabra,  
sahabat sajatina,  
kalintang matak lucu,  
asih sadaya sahabat.

6. Sumawon Bagénda Ali,  
nénehna kabina-bina,



kawas ka putrana baé,  
Abubakar Umar Usman,  
siang wengi henteu pisan,  
kawuwuh ku luluhur,  
Kangjeng Nabi Rasulillah.

7. Wuwuh pisan dipiasih,  
henteu beda ka sahabat,  
malah kakasihna ogé,  
geus lain jenengan Santang,  
lain Gagak Lumajang,  
atawa Gagak Lumayung,  
ari kakasihna dua.
8. Nelah Sunan Rahmat Suci,  
atawa Sunan Bidaya,  
kocap mangsa harita téh,  
jeung sadaya persahabat,  
Ali Abubakar Usman,  
ngabérés payuneun Rasul,  
sarawuh Umar bin Khotob.
9. Kangjeng Nabi heug ngalahir,  
mariksa ka Sunan // Rahmat,  
cik ayeuna hayang terang,  
pédah geus salin agama,  
kumaha nya rarasaan,  
keur nyekel agama Hindu,  
jeung nyekel agama Islam.

10. Coba geura tanding pikir,  
karana urang teu maksa,  
heug coba mana nu énténg,  
mana nu karasa senang,  
lamun masih tibelat,  
ka éta agama Hindu,  
ku urang moal dipaksa.
11. Sunan Rahmat matur deui,  
sumuhun dawuh timbalan,  
abdi unjukan sayaktos,  
sumawonna nineung téa,  
ka agaman Jawa,  
kawasna saumur hirup,  
moal émut-émut acan.
12. Sim abdi teu hayang noli,  
sanajan ka Tanah Jawa,  
sim abdi geus moal baé,  
teges teu hayang nyoréang,  
sumawonna nineung mah,  
dumugi ka tutup umur,  
teu hayang nilarkeun Mekah.
13. Kangjeng Nabi rido galih,  
cik kieu ari ayeuna,  
tanda moal nyoréang téh,  
yén nolak ka Pulo Jawa,  
coba maca kalimah,  
sarta bari mepet bayu, //  
peureum geus tamat seug beunta.

14. Ku Radén beuntakeun deui,  
kumaha geus kawirasat,  
raraosan nu sayaktos,  
Seh Rahmat matur sumangga,  
sok tasbéh sajadah,  
disimpen baé di payun,  
pok radén maos kalimah.

15. Nyaéta kalimah kalih,  
diaos payuneunana,  
macana téh leuwih alon,  
reureungeueun salamina,  
gentrana raos pisan,  
loba pisan nu kapincut,  
waktuna maca kalimah.

“Bismillahirrahmanirrahim  
Asyhadu anla ilaha illallah  
Wa asyhadu anna muhammadarrasulullah”

16. Kersa Allah geus pinasti,  
barang ras téh Sunan Rahmat,  
kalintang harita bengong,  
anjeunna aya di Jawa,  
tempat karang Pakuwan,  
segruk nangis bari nyuuh,  
dastarna dianggo bantal.

17. Aduh Gusti Kangjeng Nabi,  
jisim abdi na kumaha,

ayeuna pisan geus yaktos,  
sim abdi aya di Jawa,  
nya di Karang Pakuwan, //  
bari nangis segrak-segruk,  
kasengsrem ku Rasulullah.

30

18. Jisim abdi geus teu sudi,  
aya di Nagri Pakuwan,  
raos abdi kénging bendon,  
mugi Gusti ngahampura,  
anu asih anu mulya,  
tobat nun saujung rambut,  
di handap sausap dampal.

19. Sunan Rahmat prihatin,  
kareueung nya raraosan,  
ningal Karang Pakuwan téh,  
henteu puguh raraosan,  
henteu sudi-sudi acan,  
reup peuting raos ngalindur,  
raraosan asa gundam.

20. Ti peuting sakit ku ngimpi,  
ti beurang raos ku hudang,  
dumpamakeun dibobot,  
ka istri geulis nya lenjang,  
tatapi pamajikan,  
papisah katinggal umur,  
lamun ditanding jeung éta.

21. sajérena gé teu nepi,  
kakeueungan kanineungan,  
beurat kéneh ka papagon,  
henteu aya keur upama,  
lamun Kangjeng Rasulullah,  
sok komo katilar pupus,  
cacak papisah ka Jawa.

22. Sakieu wirasat diri, // 31  
béak umur kanineungan,  
Sunan Rahmat lajeng mios,  
angkat henteu puguh losna,  
teu aya jalma mendakan,  
di ayana gé teu warawuh,  
sanajan urang Pakuwan.

23. Kawantos rupana haji,  
marukan lain Santang,  
euweuh jalma nu maliré,  
kebat lampah Sunan Rahmat,  
kawas anu kaédanan,  
énggaling nu mangun catur,  
geus dongkap ka Ujung Kulon.

## VII. PUPUH MIJIL

1. Sunan Rahmat barang ras éling,  
manahna teu walon,  
sareng deui barangna ngarérét,  
mendak hiji tempat suni,

dinya lirén calik,  
lajeng tafakur.

2. Siang wengi henteu kendat muji,  
saking ku raosna,  
kaireugan katalingeuhan téh,  
ngagali manah nu suci,  
pana ka Yang Widi,  
sidakep tumungkul.
  
3. Amaténi kang kawan perkawis,  
sang panita ningwang,  
pangucap lan talingané,  
paningal karana malih,  
sawiji teu keuna pati,  
pak masia tekang. //
  
4. Angiloni papayan satunggil,  
kasmaran yaktos,  
inya iku tan kenang paténi,  
manjing metu ampéni,  
Séh Rahmat ngalilir,  
kaya sampun turu.
  
5. Kuwung-kuwung melengkung ing langit,  
mega mayang katong,  
téjane kang katingalé,  
Sunan Bidaya ras eling,  
raos bawa impi,  
jeung ceui dicatur.

6. Lamina téh di dinya ngancik,  
geus sataun cocog,  
henteu tuang leueut henteu saré,  
saréna pana ningali,  
ku anteng nya galih,  
palay deui tepung.
7. Sareng pangkon Rasulullah,  
sakitu nu angot,  
kakocapkeun sahiji mangsa téh,  
sumawon laku nu becik,  
hingga ala deui,  
dimurahan kudu.
8. Bray beurang reup peuting,  
Sunan Rahmat henteu petot,  
palay tepang jeung Kangjeng Rasul téh,  
taya nu jadi galih,  
peuting beurang deui,  
kira waktu subuh.
9. Eukeur maca tasbéh ka Yang Widi,  
pitulung Yang Manon,  
enya tina kamurahan téh, // 33  
sumawonna laku nu becik,  
hingga ala deui,  
murahna Yang Agung.
10. Aya sora henteu katingali,  
unggel sora yaktos,  
héy Sunan Bidaya manéh,

lamun hayang tepung deui,  
jeung Nabi sinelir,  
manéh masing émut.

11. Reujeung deui manéh mun teu ngarti,  
pertanda yaktos,  
mujiat éta Jeng Nabi téh,  
ngungkulan ti paranabi,  
panguluna nabi,  
sirah pararasul.

12. Makutana sakabéh nabi,  
kakasih Yang Manon,  
cing ayeuna coba manéh,  
geura maca kalimah kalih,  
serta peureum deui,  
kudu mepet bayu.

13. Sanggeus maca kalimah kalih,  
heug beuntakeun panon,  
kumaha wirasat manéh téh,  
tangtu ku manéh kapikir,  
jeung kasmaran pikir,  
tambah mendak kalbu.

14. Ngan sakitu soara nu gaib,  
tuduhna nu yaktos,  
ras éling Sunan Ragmat téh,  
muji ka Yang Widi yakin,  
maca alhamdulillah,  
muji sujud sukur, //



15. Metu napas barang ningali,  
kersaning Yang Manon,  
Sunan Rahmat rurut-rérét,  
barangna enggeus ningali,  
di payuneun Jeng Nabi,  
Kangjeng Gusti Rasul.
16. Parasahabat ngabérés di gigir,  
urut tadi yaktos,  
katingali sajadah jeung tasbé,  
puguh urut basa tadi,  
kasmaran sajati,  
Radén tuluy sujud.
17. Ka sampéan Jeng Gusti sinelir,  
jeung kumaha raos,  
sing karasa ngeunah teu ngeunah téh,  
kuma ayeuna jeung tadi,  
mana anu gampil,  
Islam sareng Hindu.
18. Sunan Rahmat unjuk tadim,  
sumuhun parios,  
sumawonna abdi nyarios téh,  
dipertélakeun ku Gusti,  
wirasat ka abdi,  
najan teu piunjuk,
19. Kangjeng Gusti nu lagkung tingali,  
ratuning waspaos,

sumawonna ka umat kabéh,  
pitung bumi pitung langit,  
sawarga aras kursi,  
naraka pon kitu.

20. Amung Gusti nu langkung // tingali 35

ngan abdi nu helok,  
ka gamparan awon tumaros téh,  
pisah ka Jawa ti Gusti,  
kaemut ku abdi,  
lamina sataun.

21. Nya teu tepang sareng pangkon Gusti,

amung abdi hélok,  
henteu kinten ninggal kana tasbé,  
sajadah nya kitu deui,  
siga urut tadi,  
Jeng Nabi ngadawuh.

22. éta baé sahabat ku Rai,

heug kabéh parios,  
ngan Kakang mah rék sakieu baé,  
ngawalon ka Kang Rai,  
poé naon deui,  
tanggal bulan taun.

23. Nu sakitu ieu tacan ganti,

geura pék parios,  
tuh ka Paman Abubakar baé,  
Abubakar imut manis,  
heug ngawejang deui,

ka Gagak Lumayung.

24. Sunan Rahmat ayeuna anaking,  
manéhna sing yaktos,  
tasbé jeung sajadah saksina teh,  
tacan ganti beurang peuting,  
bulan ktu deui,  
sumawonna tahun.
25. Sareng deui manéh masing lantip,  
poma salah raos, // 36  
Radén ulah jadi hélok haté,  
ati seukeutan ku surti,  
tasdik masing sidik,  
ilmu masing timu.
26. Sunan Rahmat tungkul bari mikir,  
teu lami ngawalon,  
geus kahartos ku Sunan Rahmat téh,  
nun manawi kairing,  
Sunan Rahmat deui,  
mujijat luluhur.
27. Parasahabat ger gumujeng manis,  
ngiringan geus cocog,  
Sunan Rahmat langkung suka haté,  
ka kersa paramumin,  
harita birahi,  
kinanti nya kalbu.

## VIII. PUPUH KINANTI

1. Kangjeng Gusti Nabi Rasul,  
énggalna marios deui,  
nyaeta ka Sunan Rahmat,  
kakang rék tatanya deui,  
kumaha di tanah Jawa,  
ménakna jeung abdi-abdi.

2. Agamana masih Hindu,  
atawa campur agami,  
Hindu jeung agama Islam,  
loba nama nu tanding,  
coba Akang ménta terang,  
Sunan Rahmat matur tadim.

3. Sumuhun timbalan Rasul, // 37  
yaktosna di Tanah Jawi,  
sadaya masih Budha,  
agama Hindu dipusti,  
sumambatna ngan ka déwa,  
jeung suwung cegahan Nabi.

4. Taya basa haram makruh,  
batal haram kitu deui,  
tina saking ku teu aya,  
hadis pangandika Nabi,  
dalil pangandika Allah,  
agama Islam teu manggih.

5. Kadangu ku Kangjeng Rasul,  
sakalangkung welas galih,

hawatos ka para umat,  
nu aya di Pulo Jawi,  
cik Radén ari ayeuna,  
ku Akang didamel wakil.

6. Sumawonna Radén purun,  
ngambah deui tanah Jawi,  
teu purun diteda suka,  
kudu baé angkat deui,  
Radén sing welas ka Akang,  
sumawonna ka umat deui.

7. Saupama Rai purun,  
didamel wakil di Jawi,  
ngislamkeun di Tanah Jawa,  
seug maca kalimah kalih,  
kieu perjangjianana,  
sumawonna diri Rai.

8. Saha-saha anu anut,  
kana wawakil Kang Rai, //  
kalaluputanana,  
jaga ditanggung di batin,  
dijauhkeun ka naraka,  
asup ka sawarga naim.

38

9. Geura heug sing tegep dangu,  
ku Rai manah sing lantip,  
dalil pangandika Allah,  
ayeuna ieu ditulis,  
sertana ieu nu nyerat,

henteu tulis ku dangding

“Alinsaanu muminuunal insaanu muminina wal  
haromul Islam ahlullahi walmuslimiina  
walmuslimati illa ikhwani muminina wajaba  
illa balago ayuha”

10. Paéh téa moal burung,  
taya gede taya leutik,  
taya kolot taya budak,  
taya ménak taya kuring,  
taya gagah taya beunghar,  
taya cageur taya geuring.
  
11. Ka agama masing tumut,  
ulah bosen beurang peuting,  
jeung kudu gumati pisan,  
ka agama Kangjeng Nabi,  
lamun getén ka agama,  
geus pasti mulya nya diri.
  
12. Sunan Bidaya tumungkul,  
ngupingkeun piwuruk Nabi,  
nimat gentrana tétéla,  
isin pabaur jeung ngerik,  
langkung raos kana manah,  
tumerap // piwuruk Nabi.
  
13. Jadi sungsum jadi balung,  
nyurup ka kulit ka daging,  
sumarambah kana bayah,

terus kana sanubari,  
Sunan Rahmat matur nyembah,  
nuhun satimbangan Gusti.

14. Pirang-pirang abdi untung,  
diasih ku dampal Gusti,  
kasuhun kalingga murda,  
kakuping ku dua cepil,  
kacangreud ku dua asta,  
nuhun rébu laksa keti.

15. Siang wengi seja tumut,  
kana satimbangan Gusti,  
henteu aya nu kacipta,  
Kangjeng Nabi nyaur deui,  
sukur Radén Sunan Rahmat,  
sambung dunga siang wengi.

16. Jeungna deui bisi ripuh,  
engké téh di Pulo Jawi,  
pilihan anu énténg pisan,  
jeung saha di Pulo Jawi,  
anu jadi gagedénna,  
nu mangku sa-Pulo Jawi.

17. Piunjuk Gagak Lumayung,  
sumuhun timbalan Gusti,  
ngan Nagari Pajajaran,  
nama Prabu Siliwangi,  
dawuh Kangjeng Rasulullah,  
tah éta heulakeun Rai.

18. Lamun // enggeus puguh anut, 40  
abdina geus tangtu gampil,  
dikumpulkeun ku raja,  
geus kantenan baé ngiring,  
kana satimbanganana,  
tah kitu éta kang Rai.
19. Sunan Rahmat pok piunjuk,  
ngiring sadawuhan Gusti,  
teges satimbangan tuan,  
badé mios jisim abdi,  
mugi abdi neda jiad,  
ngiringan mujijat Nabi.
20. Sunan Rahmat énggal sujud,  
kana dampal Kangjeng Nabi,  
ku Gusti geus katarima,  
hormatna silaturahmi,  
kocap Radén Sunan Rahmat,  
geus munjung ti Kangjeng Nabi.
21. Ngarérét deui ka pungkur,  
munjung ka Bagénda Ali,  
ka Umar miwah ka Usman,  
jeung ka Abubakar Sidik,  
Sunan Rahmat pok ngadunga,  
Jeung maca kalimah kalih.
22. Laailaha illallahu,  
Muhammad Rasulillahi,



soca peureum henteu ningal,  
tekadna nu lantip budi,  
maca kalimah toyibah,  
muntang // ka mujijat Nabi.

41

23. Kersa Allah nu Agung,  
Sunan Rahmat keur diasih,  
karamat rahmat mujijat,  
barang socana ningali,  
Sunan Rahmat geus di Jawa,  
mancur karamat kakasih.

24. Barang ningali ka payun,  
Sunan Rahmat seug ningali,  
béh karaton Pajajaran,  
malah Prabu Siliwangi,  
harita keur magelaran,  
pongawa mantri bopati.

25. Di paseban pepeuk kumpul,  
Sang Prabu Siliwangi,  
taya sanés nu diwejang,  
tina kalamian teuing,  
lampah Prabu Kéan Santang,  
kalintang melang nya pikir.

26. Barangna keur gunem catur,  
Prabu Kéan Santang sumping,  
geus di payuneun ramana,  
kagét sadaya ningali,  
sakedap bengong teu awas,

ku sabab panganggo haji.

27. Geus lami sadaya emut,  
tetela Gagak Lumiring  
sakabéh nyebat haturan,  
Prabu Kean Santang,  
Kocap Prabu Siiwangi  
naha Radén Kéan Santang,  
mana kalamian teuing.

28. Lamu meunang dua taun,  
cing ayeuna hayang nguping, // 42  
Ama anu sayaktosna,  
kumaha Bagénda Ali,  
éta diayonanana,  
nu kocap kapungkur jurit.

## **IX. PUPUH PANGKUR**

1. Sunan Rahmat seug haturan,  
piunjukna ka Prabu Siliwangi,  
Kang Putra hatur piunjuk,  
perkawis putra ngayonan,  
terang pisan rupana Bagénda pamuk,  
éta béja yaktos pisan,  
perkawis Bagénda Ali.
2. éta téh bangsa karamat,  
kawuwuhan mujijat Nabi kakasih,  
kakasih Nu Mahaagung,

perkawis tuang putra,  
sumawonna tepi ka perang pupuh,  
kakara ku karamatna,  
putra téh geus apes diri.

3. Cindekna putra teu kiat,  
moal aya nu mental ka Bagénda Ali,  
kakasih Kanjeng Luluhur,  
tina putra henteu kiat,  
manjing Islam teu guna agama Hindu,  
henteu nineung henteu melang,  
matak disiksa di batin.

4. Karana mungguhing urang,  
paéh téa // henteu dua kali, 43  
ngan sakali enggeus tangtu,  
saupama abdi téa,  
tuluy paéh teu nyaho di imah kitu,  
dikubur meunang siksaan,  
ku éta Munkar wa Nakir.

5. Sumawon di alam mahsar,  
enggeus tangtu mun henteu nurut ka Nabi,  
kana agama luluhur,  
ari Kangjeng Nabi téa,  
enya éta makutana pararasul,  
anu nyepeng alam dunya,  
tujuh bumi tujuh langit.

6. Sawarga reujeung naraka,  
serta katut reujeung eusina deui,

Jin Syétan sakabéh mahluk,  
mana putra nu mawi ayeuna taluk,  
yaktos ngemban timbalan,  
jadi wakil Kangjeng Nabi.

7. Ngislamkeun ieu Jawa,  
mugi Kangjeng Rama Siliwangi,  
kedah taluk miceun Hindu,  
netepan agama Islam,  
manah ulah rék ngabantah masing purun,  
ayeuna téh tuang putra,  
mulang tambah ku nu suci.

8. Rawuh sadayan warga, // 44  
kaleresan jadi wakil,  
ngagentos kangjeng luluhur,  
mangga putra walonan,  
kitu deui upama Rama teu purun,  
ayeuna kuma kersa,  
kang putra seja rék ngiring.

9. Cindekna ka sadayana,  
saha-saha anu teu nurut ka kami,  
nu kitu beunang disebut,  
nya satru kabuyutan,  
Siliwangi reuwas hookeun kalangkung,  
naha ieu Kéan Santang,  
kawas jalma henteu éling.

10. Datang ti Mekah bet édan,  
atawa ieu jalma selang-seling,

ku Sunan Rahmat kadangu,  
lamun kieu pétana,  
Pajajaran ayeuna tangtu diamuk,  
dijieun lemah irengan,  
rajana tangtu dibasmi.

11. Ati teuas lir siluman,  
lain aya pikiran nu leuwih lantip,  
pituduh nu matak makbul,  
anggur ngangaranan édan,  
Siliwangi ngawalon bari jeung imut,  
héy Kang Putra Kéan Santang,  
engké heula ulah pusing.

12. Perkara nalukkeun Islam,  
pertandana nu jadi wakil,  
mana piagemna // atuh, 45  
coba Ama téh ningalan,  
Sunan Rahmat ngajawab ka Sang Prabu,  
henteu nganggo piagemna  
karana henteu maparin.

13. Tina kalangkung percaya,  
Siliwangi ti dinya ngadawuh deui,  
cindekna ieu teu puguh,  
Ama henteu percaya,  
mun geus ningal piagemna ti luluhur,  
Ama téh tangtu di dinya.  
bulé hideung bari mikir.

14. Pangandika Sunan Rahmat,  
mun kitu mah puguh ogé kaharti,  
ulah ngangaranan burung,  
pasaling piagemna,  
gampang pisan urang neneda ka luluhur,  
ayeuna rék nyokot heula,  
ka Mekah dek balik deui.

15. Kebat lampah Sunan Rahmat,  
geus mundur ti Siliwangi,  
di jalan henteu kacatur,  
kocap baé geus dongkap,  
Sunan Rahmat geus aya di payun Rasul,  
Kangjeng Nabi heug mariksa,  
kumaha béjana Rai.

16. Sunan Rahmat unjuk sembah,  
dawuh Gusti abdi henteu hasil,  
abdi rada kalah padu, //  
ku Prabu Pajajaran,  
tina sabab mangku wakil luluhur,  
sim abdi dipénta tanda,  
piagemna Kangjeng Nabi.

46

17. Abdi henteu dipercaya,  
ayeuna abdi neda tulis Gusti,  
tawis piagem luluhur,  
abdi dipénta pertanda,  
henteu lami ngadamel piegem putus,  
kapisihkeun ka Séh Rahmat,  
ku Séh Rahmat geus ditampi.

18. Wuwuh bungangang manahna,  
Sunan Rahmat ti payuneun Kangjeng Nabi,  
Kangjeng Nabi heug ngadawuh,  
insya-Allah Sunan Rahmat,  
diduakeun ku Akang énggal cunduk,  
nyaéta ka Tanah Jawa,  
Sunan Rahmat tungkul tadim.

19. Ngupingkeun pangdua suka,  
Sunan Rahmat barang tanggah katingali,  
kersa Allah enggeus cunduk,  
sakiceup enggeus dongkap,  
enggeus aya di nagri Pakuwon Kadatun,  
dina lebah kaca-kaca,  
éta di sirah nagari.

20. Sunan Rahmat barang ningal,  
kana batu sertana jeung lampir, // 47  
patlotna éta dicabut,  
piagem dicandak,  
seug disalin kalam nyerat dina batu,  
nyeratna aksara Jawa,  
nelah ngaran Batutulis.

21. Anu matak Sunan Rahmat,  
kersana nyerat dina Batutulis,  
supayana pada weruh,  
ménak cacah Pajajaran,  
yén anjeunna jadi wawakil luluhur,  
mangsa harita keur nyerat,

nuju jalma balawiri.

22. Nyaéta rék karumpul,  
paramantri ponggawa jeung bopati,  
aya hiji mantri weruh,  
naros ka nu keur nyerat,  
eukeur naon mana nyerat dina batu,  
dijawab ku Sunan Rahmat,  
sukur nanya manéh mantri.
23. Kami anu matak nyerat,  
rék nerangkeun kami anu jadi wakil,  
nya kami wakil luluhur,  
ngislamkeun Pajajaran,  
enya éta nyalinan agama Hindu,  
ganti ku agama Islam,  
saha-saha éta jalmi.
24. Anu teu anut ka urang,  
geus tangtu loba jalma anu mungkir,  
geuwat // aing moal mundur, 48  
mantri geus pertéla,  
geus katingal Pangeran Gagak Lumayung,  
mantri gagancangan pisan,  
unjuk ka Siliwangi.
25. Teu lami mantri geus dongkap,  
Kangjeng Prabu kasampak keur jeung bopati,  
kaleresan keur berhimpun,  
ari nu keur diwejang,  
Kéan Santang nalukkeun agama Hindu,



mupakat jeung para raja,  
purun teu purun gagalih.

26. Réhna kitu Kéan Santang,  
parabopati tungkul teu jawab sahiji,  
barang keur ngadawuh kitu,  
mantri pakuan unjukan,  
piunjukna mantri di payuneun ratu,  
sim abdi hatur uninga,  
mendak putra eukeur nulis.

27. Nya putra Gagak Lumajang,  
ngadamelna nyerat dina Batutulis,  
serta barina ngadawuh,  
supaya padaterang,  
kudu Islam disalin agama Hindu,  
jeung aya nu dicandak,  
nu anom piagem wakil.

## **X. PUPUH SINOM**

1. Kadangu ku Sang Pakuan,  
piunjukna hiji mantri, // 49  
kagét Prabu Pajajaran,  
ngadawuh ka prabupati,  
barina mucung pikir,  
cing kumaha para ratu,  
rempagan téh ieu urang,  
karana geus datang deui,  
Kéan Santang bisi kasedek hol datang.

2. Piunjukna para raja,  
ari menggah jisim abdi,  
asup kana paribasa,  
taya sanés nu diiring,  
siang wengi ngan Gusti,  
abdi sepi hujah ratu,  
sumawonna gaduh niat,  
agama Hindu disalin,  
hingga teu niat salin agama.
  
3. Lamun kersa dampal raja,  
abdi moal pisah mungkir,  
cindekna kuma timbalan,  
menggah abdi ngan rék ngiring,  
heug ngalahir Siliwangi,  
satemenna pararatu,  
papada ogé mupakat,  
pikir mah kalangkung mungkir,  
ngadéngé gé najis pisan ka omongan.
  
4. Ka omongan Kéan Santang,  
nyebut-nyebut wakil Nabi,  
boloampar niat téa,  
anut ka agama Nabi,  
caria liwat saking,  
jeung nyebut-nyebut dikubur,  
maké// nyebut ditakonan,  
mawa gada gedéna sereg di dunya.

5. Jeung pedang satunjang dunya,  
omongan henteu kaharti,  
kapan paéh ditakonan,  
jeung deui da anu mati,  
dikubur di jero bumi,  
sapira legana kubur,  
jeung eusina tambela,  
sapira legana wengi,  
kari-kari maké nyebut ditakonan.
  
6. Najis téh jeung mawa éta,  
siga tiiran hanjeli,  
barina ngomong sorangan,  
haruwas-haréwos leutik,  
nyambat ka Muhammad Nabi,  
blég baé anu burung,  
lamun geus taya halangan,  
geus digeuwat ku perjurit,  
mani mikir hayang nalipak sing modar.
  
7. Cindekna ayeuna urang,  
saha nu anut ka Nabi,  
ka éta Nabi Muhammad,  
enya eta satru kami,  
jeung deui parabopati,  
éta ku Gagak Lumayung,  
montong sieun montong reuwas,  
iring baé lampah kami,  
ayeuna mah bisi kaburu ku Santang.

8. Kaburu // datang ka urang, 51  
tinimbang anut ka nabi,  
kajeun tinggalkeun nagara,  
urang minggat baé nyingkir,  
balik ka asal tadi,  
moro Pajajaran Séwu,  
ari kula sorangan,  
arék jalan nerus bumi,  
jeung karaton urang cipta jieun alas.
9. Sakabehna pararaja,  
jeung ieu ponggawa mantri,  
kabéh kudu minda rupa,  
jadi macan rupa warni,  
unjukon ponggawa mantri,  
ngiring satimbangan ratu,  
anggalna Ratu Pakuan,  
nyandak tungked Ki Lagoni,  
diguratkeun kana tanah padaleman.
10. Istijrajna tinekanan,  
karaton geus salin rupa,  
jadi leuweung jojomplokan,  
jeung deui parabopati,  
diteunggeul ku Ki Lagoni,  
sakabéh geus jadi maung,  
ari nu jadi ratuna,  
Ratu Batulayang Aji,  
enggeus budal sakabéh muru ka Sancang.

11. Barangna dongkap ka Sancang,  
pada ngangaranan deui,  
ratu ménak salin nama,  
kocap Patih Arga deui,  
teu milu reujeung bopati,  
jajadina hanteu campur,  
anut ka Tajimaléla,  
anu dianggo kakasih,  
mindah rupa jadi rupana kancana.

12. Tapi sajeroning angkat,  
manahna kadua leutik,  
tibelat ka Sunan Rahmat,  
ngan mugil ka payun deui,  
ditepangkeun diri aing,  
jeung Radén Gagak Lumayung,  
mugil ka putrana,  
éta Prabu Siliwangi,  
sapikiran jeung Prabu Kéan Santang.

13. éngké turunan paman,  
naha paman béda pikir,  
kocapkeun Dén Patih Arga,  
ka Pajajaran geus sumping,  
tepat jeung Céléng Sarenggi,  
enya éta bondan Galuh,  
Pajajaran Séwu téa,  
enggeus tetep Raden Patih,  
leungit mencek tanggal deui Patih Arga.

14. Kakocapkeun Sang Pakuwon,  
éta Prabu Siliwangi,  
nerus bumi ti Pakuwan,  
kocap Sunan Rahmat deui,  
barang sumping ka jero puri,  
hookeun kaliwat langkung,  
karaton geus jadi alas, // 53  
naha Rama Siliwangi,  
antukna mah datang ka kieuna pisan.

15. Hanjakal teu tepang heula,  
ieu Prabu Siliwangi,  
ti batan daékeun Islam,  
kalah minggat ka nagari,  
siluman sileman jadi,  
dilari lacakna Prabu,  
urut terap istijraj,  
Sunan Rahmat pusing,  
panasaran daék teu daék Islam.

16. Geus kacipta ku wirasat,  
jelema téh nerus bumi,  
coba ku aing dipegat,  
panasaran tacan panggih,  
aing téh sakali deui,  
ari geus tepung mah puguh,  
daék teu daék Islam,  
geus tepang kajeun teuing,  
Sunan Rahmat tuluy midamel karamat.

17. Ditelik lampah nu minggat,  
geus tinangtu bakal bijil,  
dina lebah tegal luar,  
Sunan Rahmat tungkul muji,  
jeung maca kalimah kalih,  
dumugi kantos katutup,  
Sunan Rahmat bray beunta,  
satekané kang dumadi,  
ngan sakiceup geus aya di tegal luar.

18. Kocapkeun // Ratu Pakuwan, 54  
saméméh anjeunna bijil,  
istijraj ti heula nyata,  
lemah Congkor Munjul bumi,  
teu lila manéhna bijil,  
jeung Sunan Rahmat gok tepung,  
piagem ieu geus bukti,  
tuang putra ngupingkeun kersa teu kersa.

19. Kersa atawa moal,  
neda walonan nu yakin,  
Siliwangi teu ngajawab,  
lep deui nerus bumi,  
tina saking teu sudi,  
Sunan Rahmat kantun imut,  
teges teuas manahna,  
ti dinya Gagak Lumiring,  
tuluy angkat majengna sakawenang-wenang.

20. Kocap Prabu Pajajaran,  
kebat jauh nerus bumi,  
manahna anu diseja,  
rék muru Cikaso Nagri,  
rék nyampeurkeun garwana deui,  
aya di Ratu Manahun,  
Sang Prabu Pajajaran,  
munjul lemah miring deui,  
di Pal Nunjuk nya éta Munjul Surian.

21. Barang bijil Sang Pakuwan,  
ngagebeg rasa gok // panggih, 55  
jeung Prabu Kéan Santang,  
ngadégdég Sang Siliwangi,  
ku tina sieun kapanggih,  
éta téh Gagak Lumayung,  
di payuneunana pisan,  
turta henteu nyusul deui,  
ngan bakating karamatna Sunan Rahmat.

22. Ki Mas Prabu Pajajaran,  
lep deui anerus bumi,  
aréng ngabujeng putrana,  
Panggung Pakuwan diusir,  
nu aya di Sunan Sandi,  
di nagara Dayeuh Manggung,  
geus bijil Prabu Pakuwan,  
munjul deui éta bumi,  
sawétaneun Pléréd éta bijilna.



23. Barang los Sang Pajajaran,  
gebeg deui Siliwangi,  
geus sieun ku Santang,  
lep deui anerus bumi,  
ti dinya mah geuwat mulih,  
di Pajajaran Séwu,  
gok tepang jeung Patih Arga,  
Siliwangi suka ati,  
langkung manis geus tetep di Pajajaran.

## **XI. PUPUH DANGDANGGULA**

1. Kasigeugkeun Prabu Siliwangi,  
nu geus tetep sareng garwa putra,  
di Pajajaran Séwu téh,  
ganti anu dicatur,  
kocapkeun Sunan Rahmat deui,  
ngubek di Pakuwan,  
turut-turut lembur,  
ngislamkeunana téh senang,  
henteu cara menak Pajajaran berewit,  
lajeng ka pigunungan.
2. Sakapendak di tegalan jalmi,  
anu nyadap sareng anu ngahuma,  
lajeng diislamkeun baé,  
mung harita nu tangtu,  
nu diwaca kalimah kalih,  
teu acan disunatan,

sabab tacan weruh,  
pilemburan pakampungan,  
nu diambah nu heula anut agama,  
para ménakna diliwat.

3. Sabab lingas éta meunang warti,  
unggal nagri diayaan surat,  
surat ti Siliwangi téh,  
anu mawi nyarumput,  
mantrina geus maruringis,  
amung abdi-abdina,  
anu tetep lungguh,  
henteu gedag kalinduan,  
geus bagjana papanggih sareng agami,  
manahna tambah terang.

4. Sapaatna ku kalimah kalih,  
henteu ripuh éta dibawa,  
nu nyawah nu ngebon jongjon, // 57  
Radén Gagak Lumayung,  
lajeng nyandak bukuna leutik,  
ditungtut ditulisan,  
sakur anu anut,  
diunggelkeun dicatetan,  
nomer hiji nya éta ngaran jalmi,  
dua ngaran lemburna.

5. Kitu deui umurna ditaksir,  
kolot budak anu geus ngucap,  
agus imas atawa radén,  
ditulis dina buku,

kitu deui anu ditulis,  
sacantilan-sacantilan,  
bérés dina buku,  
enggeus putus di Pakuwan,  
ngalih deui mapay ka saban nagri,  
tepi ka pagunungan.

6. Mapay-mapay ti gunung ka nagri,  
sadayana pada anut Islam,  
nyéta ti Batulayang téh,  
ti dinya ka Lebak Agung,  
atanapi ka Lebakwangi,  
nya Curug Dogdog téa,  
henteu Curug Sempur,  
hiji nagri opat ngaran,  
di dinya téh aya putra Siliwangi,  
teu kasampeur ku rama.

7. Kakasihna putra Siliwangi,  
Raden Layang Santang Pertala,  
putra ti Batulayang teh,  
jeung Sunan // Rahmat tepung,                    58  
sakalintang nya suka galih,  
lajeng baé anut Islam,  
sono teu dicatur,  
waktu jauh kénéh maksad,  
Sunan Rahmat jeung sadérék suka ati,  
bagja Santang Pertala.

8. Sunan Rahmat netepkeun ka rai,  
jadi pangkat réh semu rajana,

jadi ratu Curug Dogdog,  
jeneng Dipati Ukur,  
Sunan Rahmat teu kungsi lami,  
ti Curug Dogdog angkat,  
angkat nu dijugjug,  
turut lamping marga tegal,  
enggeus nyorang lebak Gunung Malawangi,  
wates Timbangantenan.

9. Enggeus nyorang ka pinggir nagri,  
enya éta Dayeuh Pangadegan,  
ngajajar ka lembur baé,  
nu aya mah aranut,  
amung ménakna mah sepi,  
putus di Pangadegan,  
sor deui ka payuneun,  
nyorang Dayeuh Tambakbaya,  
kitu deui abdi di pinggir nagri,  
kabéh arasup Islam.

10. Para ménak dinya teu kawarti,  
Sunan Rahmat nyorang Korobokan, //  
sareng nyorang Ciseueur téh, 59  
para ménak saruwung,  
kumpulan ka Siliwangi,  
ka Pajajaran téa,  
abdina nu kantun,  
sami geus asup Islam,  
sadayana henteu aya nu disungsi,  
ngubek Timbangantenan.

11. Kendang rawuh ngaran Cilagondi,  
Dayeuh Handap terus ka Purbasana,  
Panumbangan Cikupa téh,  
lajeng ka Sangkan Luhur,  
malik ngulon jeung ngalér deui,  
Limus Haseum kasorang,  
ka Ciparay tuluy,  
terus marga ka Talaga,  
ka Cikaso di Pagedéng kénging ngancik,  
wantu loba nagara.

12. Terus ngétan tepunggelang deui,  
Purbasana dua kali kasorang,  
terus rék néang sadérék,  
ka nagara Dayeuh Luhur,  
barang sumping nyampak sarepi,  
pangagung Pakuwan nagara,  
kabéh geus kasaur,  
nya éta ka Pajajaran,  
ngan abdina sakur nu kasorang deui,  
geus pada anu Islam.

13. Sunan // Rahmat tuluy maju deui, 60  
turut sisi Dayeuh Manggung téa,  
pakampunganana kabéh,  
abdina pada anut,  
manjng Islam geus pada suci,  
Sunan Rahmat geus kebat,  
lunta ti nagara Manggung,  
geus nyorang ka Lebakjaya,  
kacaturkeun di Lebakjaya nu calik,

Pagerjaya karantenan.

14. Enya éta nama Sunan Sandi,  
keur ngariung serta sadérékna,  
jeung Panémbahan Dora téh,  
latilu sadérék bungsu,  
sembah Kuda Kandangsakti,  
patinggina para sunan,  
nya éta sembah kuwu,  
ari Sunan Sandi téa,  
Pagerjaya mertuana Siliwangi,  
ramana Dalem Pasehan.
15. Ménak Timbangantén anu jadi,  
enya eta Sunan Pasehan,  
nagarina patengahna téh,  
ari sunan jadi ratu,  
Dora sareng Kandang Sakti,  
enggeus sawenang-wenang,  
panembahan ratu,  
ngancikna di Lebakjaya,  
teu kasaur ku Prabu Siliwangi, //  
kocap deui Sunan Rahmat.
16. Enggeus sumping ka Sunan Sandi,  
pangandika ka Sunan Pagerjaya,  
baeu beungkeut Kang Éyang téh,  
aduh hatur Kang putu,  
Sunan Rahmat geus suka galih,  
teges munjunganan,  
tadimna kalangkung,

sami lenggah para éyang,  
enggeus pada silih taros anu yakti,  
Sunan Rahmat ngawejang.

17. Ti awitna dumugi ka ahir,  
anjeunna terang ka Kang Éyang,  
jadi wawakil luluhur téh,  
para ratu anu tilu,  
sami runtut sumeja ngiring,  
geus pada manjing Islam,  
suka liwat langkung,  
amung ieu Sunan Rahmat,  
malum pisan ti dinya geus henteu lami,  
kalangkung sono pisan.

18. Kajeun engké dibalikan deui,  
tina tacan séép nu dimaksud,  
carios énggalna baé,  
Sunan Rahmat geus mundur,  
ti payuneun Sunan Sandi,  
nu sono kantun wayahna,  
Radén Gagak Lumayung,  
ti Lebakjaya // geus lunta,           62  
kebat ngidul sakapura nu diusir,  
sumping ka Kedénghalang.

## **XII. PUPUH ASMARANDANA**

1. Di Kedénghalang teu lami,  
Sukapura geus kajajah,

tuluy angkat ka Maléér,  
ti Maléér deui kabat,  
mipir-mipir Singapura,  
geus dongkap ka Batu Nungku,  
terus ka Tawanggantungan.

2. Di dinya deui teu lami,  
barang rék ka Galuh angkat,  
henteu cios tuluy ngalér,  
kebat sasab ka Parakan,  
geus nelah Parakan Sasab,  
nagara ageung nu dijugjug,  
barang geus dongkap ka dinya.

3. Di Pagerageung geus lami,  
barangna rék ka Talaga,  
Sunan Rahmat henteu cios,  
mapay-mapay Cikidang,  
lirén di Tegal Laja,  
terus angkat ka Panjalu,  
di Panjalu kénging siram.

4. Émut ka Cihaurbeuti,  
malik deui Sunan Rahmat,  
angkatna téh ngalér ngulon,  
ka Haurbeuti geus dongkap,  
dinya aya hiji Ajar,  
guruna anu // kapungkur,  
nya éta nyata Maléla.

63

5. Tepang jeung Prabu Taji,



Sunan Rahmat lengkung hormat,  
seug Ajar kagét ngarontok,  
bagéa Gagak Lumajang,  
Radén geura mulang tamba,  
meungpeung Éyang tacan pupus,  
geura pék Radén nyarita.

6. Pun Éyang téh hayang nguping,  
purwana lami teu tepang,  
Sunan Rahmat matur alon,  
dék nyarita ti awalna,  
dongkap kana wekasan,  
anjeunna wakil luluhur,  
Ajartaji langkung suka.

7. Ti dinya muruk agami,  
Sang Ajar téh enggeus Islam,  
ti dinya lejeng carios,  
meujeuh ulah tutuluyan,  
kudu nguninga heula,  
ka Gusti Kangjeng luluhur,  
duméh geus leres keresa.

8. Reujeung deui Radén gampil,  
merlukeun anu lian,  
heulakeun para sadérék,  
pikeun baris awak-awak,  
pikeun halipah agama,  
tapi pantesna mah kitu,  
heulakeun pangagung nagara.

9. Éta putu Sunan Sandi,  
tedak ka-Timbanganten-an  
sadérék enung // nu cocog, 64  
lian ti pangagung Pakuwan,  
Sunan Rahmat haturan,  
teu aya di Dayeuh Manggung,  
keur aya di Pajajaran.
10. Pangandika Ajartaji,  
ari panyana Éyang mah,  
putra Siliwangi kabéh,  
engké ogé di ahirna,  
geus tangtu rebah manah,  
karamat Radén geus kudu,  
cacak buktina di Éyang.
11. Sanés pikiran jeung tadi,  
pitulung Allah Taala,  
lantaran ti pangkon Radén,  
ari cindekna ayeuna,  
Éyang ngaraos senang,  
mugia Gagak Lumayung,  
geura ngadeuheusan heula.
12. Unjukkeun anu geus kénging,  
buku nu geus asup Islam,  
Sunan Rahmat unjuk alon,  
nuhun satimbangan Éyang,  
ayeuna putu rék kebat.  
ngadeuheus ka Kangjeng Rasul,  
lajeng Sunan Rahmat angkat.

13. Muji tadim ka Yang Widi,  
angkatna satengah pana,  
teu uninga kidul kalér,  
ari keur satadi mah,  
rék angkat ka Jawa Wétan,  
parengka maksud teu tulus,  
nu heula // di Jawa Tengah. 65

14. Ka Wétan jadi pandeuri,  
anutna agama Islam,  
nu matak urang Wétan téh,  
jiga dusun babasan,  
tapi bener kacida,  
nyebutna gé paman gunung,  
sabab kitu pusakana.

15. Timbanganten kawit kawi,  
pangheulana aya Islam,  
jeung deui pusakana gé,  
karuhun Rama Déwa,  
nu ngancik di Lokapala,  
wiwitané kang rumuhun,  
asal saking Jawa Tengah.

16. Kocap Sunan Rahmat deui,  
barang émut tina pana,  
geus jol di tanah Mekah téh,  
sareng payuneun pisan  
jeung Gusti Rasulallah,  
Sunan Rahmat lajeng munjung,

ka sampéan Rasulallah.

17. Sunan Rahmat tadim ajrih,  
saparantos munjungan,  
ka pangkon Kangjeng nabi téh,  
Kangjeng Nabi téh mayunan,  
ku saur manis pisan,  
haturan bagéa tepung,  
Sunan Rahmat matur nyembah.

18. Nuhun satimbangan Gusti,  
kasuhun kalingga // murda, 66  
ti dinya Sunan Rahmat téh,  
munjung ka para sahabat,  
Abubakar Umar Usman,  
ka Gusti Ali sadulur,  
geus munjung lajeng unjukan.

19. Kangjeng Nabi heug ngalahir,  
cing ari kuma petana,  
kalakuan di Jawa téh,  
senang atawa teu senang,  
Sunan Rahmat ngawalonan,  
nun sumuhun Kangjeng Rasul,  
berkah Gusti kaleresan.

20. Abdi-abdi kabéh ngiring,  
milaku agama Islam,  
sadayana teu sawios,  
nu aya di Jawa Tengah,  
Jawa Wétan teu acan,

amung gegedénna lapur,  
teu daékeun anut Islam.

21. Éta Prabu Siliwangi,  
malah sawalerna jalma,  
maranjing siluman baé,  
jadi mahluk jero alas,  
Siliwangi kakaburan,  
ménakna mah tacan anut,  
loba anu susumputan.

22. Amung abdina nu ngiring,  
karaos timbalan tuan,  
loba nu anut Islam téh,  
pitulung Allah Taala,  
karana alus pikiran, //  
amung abdi gaduh dulur,  
sareng para éyang-éyang.

67

23. Saregep ngiring agami,  
henteu asa reujeung jiga,  
menggah di Lebakjaya téh,  
panembahan karantenan,  
kalintang suka manah,  
Kangjeng Nabi heug ngadamuh,  
nuhun éta tuan éyang.

24. Kudu damel wakil rai,  
éta sahabat utama,  
minangka lawang panaros,  
upama anu unjukan,

séléhkeun ka Kang Éyang,  
saméméh Jeng Rai tepung,  
sing tetep heula ka Éyang.

25. Sunan Rahmat unjuk tadim,  
sumangga timbalan Tuan,  
sareng ieu sim abdi téh,  
sumeja hatur uninga,  
buku anu anut Islam,  
ku Kangjeng Nabi dipundut,  
lajeng disanggakeun pisan.

26. Geus ditingal duka galih,  
Gusti beuki wuwuh welas,  
éta ka Sunan Rahmat téh,  
tawiskeun terap dawuhan,  
gentos jeneng kadua,  
luluhur serepan agung,  
héy rai ulah kapalang.

27. Ieu kabéh abdi-abdi,  
anu geus maca kalimah,  
ku rai téh terus baé,  
balikan deui sunatan,  
pertanda manjing Islam,  
mayahna dongkap makbul,  
jadi paraji nyunatan.

28. Ieu parabot sayakti,  
babango rawuh péso,  
Sunan Rahmat unjuk alon,

sumuhun timbalan Tuan,  
seja ngiring dawuhan,  
bari parabot dibantun,  
teu kanti deui unjukan.

### **XIII. PUPUH KINANTI**

1. Rahaden Gagak Lumayung,  
geus amit ti Kangjeng Gusti,  
Kangjeng Nabi wuwuh dua,  
tutus dawuhan Jeng Gusti,  
lahir luluhur geus mangkat,  
geus lunta ti payun Gusti.
2. Dongkap kana kubah Mahmud,  
kelar pisan nya ningali,  
minangkana jalan jagat,  
aya nu bras ka tanah Im,  
sumawon anu ka Jédah,  
Sunan Rahmat lajeng mikir.
3. Tumungkul muji ka Rasul,  
lamun henteu jadi wakil,  
sungkan kuring rék ka Jawa,  
jeung tibelat ninga // deui,  
ningali jalan ka Mekah,  
hayang jig baé pelesir.
4. Loba pisan nu kaémot,  
ka Erum reujeung ka Mesir,

pirang-pirang pikeun jarah,  
sumawon lamun ka Thoip,  
Radén tacan jarah-jarah,  
ngan pamugisihing Gusti.

5. Satimbangan Gusti Rasul,  
mugi diénggalkeun deui,  
hasil barang séép ngamanah,  
rét deui ningal ka gigir,  
satadina Sunan Rahmat,  
lebah kubah Mahmud linggih.

6. Kersaning Yang Mahaagung,  
bet geus jol di tanah Jawi,  
di Puger Sokawayana,  
gok tepang jeung dua jalmi,  
nu hiji jenenganana,  
Rahadén Layang Kamuning.

7. Putrana Dipati Ukur,  
ari anu hiji deui,  
nama Radén Tanjunglaya,  
putrana Layang Kamuning,  
Sunan Bidaya mariksa,  
satria ti mana ginding.

8. Jeung rék ka mana maksud,  
heug matur Layang Kamuning,  
sim abdi ti Sempur Girang,  
putrana Ukur narpati,  
ari ngaran anu nelah,



sim abdi Layang Kamuning. //

9. Ari ieu nu di pungkur, 70  
Tanjunglaya anak abdi,  
rama abdi hatur terang,  
geus rumaos Buda abdi,  
baha ka kersa rama,  
ngabantah kana papasti.
10. Kana papatah teu nurut,  
kieu rupana sim abdi,  
nu welas dipulang salah,  
abdi kirang budi,  
Sunan Bidaya ngandika,  
nu kumaha asal tadi.
11. Nu matak rumaos kitu,  
heug matur layang kamuning,  
sumuhun timbalan Tuan,  
awitna téh jisim abdi,  
keresa ama dipaksa,  
abdi diangkat narpati.
12. Di Nagara Curug Sempur,  
teu kénging narah sim abdi,  
ari ieu teh pun anak,  
ku ama didamel wakil,  
jadi kapala agama,  
namung pikir teu kairing.
13. Jisim abdi pon nya kitu,

teu sanggup jadi narpati,  
margi teu purun teu niat,  
tuluy minggat jisim abdi,  
angkat sakaparan-paran,  
Sunan Rahmat mésem nguping.

14. Na kumaha // mana kitu, 71  
bet salah dipikaasih,  
ceuk pikiran sakedap mah,  
rada hanjakal sakedik,  
naha naon nu dipandang,  
teu daék jadi bopati.

15. Layang kamuning heug matur,  
leres pisan jisim abdi,  
taya sanés kabodoan,  
nampik ku niat pangasih,  
pun anak pangteusanggemna,  
rumaos teu bisa ngaji.

16. Mungguh nu jadi panghulu,  
nyéta kapala agami,  
lahirna sieun ditanya,  
ku abdina hal agami,  
lamun henteu bisa jawab,  
érana téh liwat saking.

17. Kawuwuh ku henteu purun,  
sumawonna jisim abdi,  
ari nu sayaktosna mah,  
aya nu dipiéling,

putra éyang ti Pakuwan,  
anu paham agami.

18. Jeung Uwa Gagak Lumayung,  
nu mukim di Mekah nagri,  
wawakil Jeng Rasulullah,  
anu geus kénging birahi,  
abdi kasengsrem ku éta,  
hayang rék guguru ngaji.

19. Sok kajeun teu jadi ratu,  
supaya // birahi ngaji,  
kadangu ku Sunan Rahmat,  
dirontok bari ngalahir,  
dawuh Radén anak Uwa,  
lamun kitu sukur teuing.

20. Nya ieu Uwa téh Enung,  
keur ngemban dawuhan Gusti,  
nyunatan di Tanah Jawa,  
cing atuh Layang Kamuning,  
jeung incu Dén Tanjunglaya,  
los baé heug terus indit.

21. Jugjug Séh Bayan Nahun,  
ulama di Mekah sidik,  
sadayana urang Mekah,  
taya anu teu tingali,  
kabeh gé pada uninga,  
kapercayan Kangjeng Nabi.

22. Guru ngaji Quran husus,  
héh suratna ieu cangking,  
engké sanggakeun ku Ujang,  
sanggakeun serat ti Jawi,  
nya ieu serat ti Uwa,  
geus tangtu pisan katampi.
23. Bener pikiran nya kitu,  
di pasantrén kudu ngaji,  
engké didongdon ku Uwa,  
lamun geus pulang ti Jawi,  
cedok nyembah radén putra,  
nuhun dawuh Rama Aji.
24. Suratna engké // dibantun, 73  
neda jisd Rama Aji,  
ayeuna putra rék kebat,  
katimbangan mugi hasil,  
cedok sami marunjungan,  
geus munjungan mungkur deui.
25. Ngajugjug Sang Bayan Nahun,  
sigeugkeun Layang Kamuning,  
nu geus kénging dunga Séh Rahmat,  
kocap Sunan Rahmat deui,  
jengkar ti Sokawayan,  
di jalan teu weléh mikir.
26. Rahadén Gagak Lumayung,  
hilap teu naros ka Nabi,  
kumaha ari nyunatan,

tata nu jadi paraji,  
naha mana kapohoan,  
leuwih susah liwat saking.

27. Rusuh teuing nya ti ditu,  
teu séép naros ka Gusti,  
jadi ieu lalampahan,  
asup ka cacandran deui,  
jauh-jauh panjang gagang,  
kaduhung datang pandeuri.

28. Tara weruh tanpa guru,  
lalakon jadi paraji,  
tangtu pabaur jeung samar,  
tapi kitu deui aing,  
hayang nyaho baé mecak,  
dikira baé ku pikir.

29. Kalawan nu tanpa guru,  
dikira ahirna runtik,  
moal aya kajadian,  
lain pilakueun aing,  
tuluy angkat Sunan Rahmat,  
nyorang Pangadegan nagri, //

74

#### **XIV. PUPUH SINOM**

1. Sunan Rahmat turun tegal,  
pinggir pangadegan nagri,  
néangan jalma nunggal,

nya éta jalma sahiji,  
lamun eta geus manggih,  
jalma nunggal tangtu,  
seja mecak nyunatan,  
teu lami waktuna deui,  
béh mendakan di payun jalma saurang.

2. Di Tegal Lélés Cipancar,  
pinggir pagadegan nagri,  
éta jalma hanteu samar,  
anu ngislamkeun ka aing,  
enggeus deukeut éta jalmi,  
jeung Sunan Rahmat gok tepung,  
geus munjungan dipariksa,  
ditanya sukana deui,  
réhna bakal dicunatan tanda Islam.

3. Éta jalma langkung suka,  
ka Sunan masrahkeun diri,  
supaya salamet Islam,  
énggal Sunan Rahmat gasik,  
nyandak péso rék maraji, //  
péso nu ti Kangjeng Rasul, 75  
barang prak rék nyunatan,  
anjeunna tacan mangarti,  
rarangan téh diteukteuk rampung sapisan.

4. Jalma nunggal tuluy ajal,  
Sunan reuwas nangis,  
jeung ngadégdég salirana,  
cul péso babango deui,

ditinggalkeun éta mayit,  
anjeunna reuwas kalangkung,  
kebat nguninga ka Mekah,  
sakalangkung reuwas galih,  
angkat gancang ku hayang geuwat gok tepang.

5. Sareng pangkon Rasulullah,  
Jabrail enggeus tingali,  
ka kasihna Rasulullah,  
eukeur ngangluh salah tampi,  
ku Malaikat Jabrail,  
diénggalkeun dina tepang,  
Sunan Rahmat ngan sakilat,  
digancangkeun ku Jabrail,  
enggeus aya di payuneun Rasulullah.

6. Sunan Rahmat sujud mando,  
parantos sujud heug linggih,  
rét deui ka persahabat,  
Abubakar Umar Ali,  
Sunan Rahmat munjungan deui,  
ka persahabat sadarum, //  
geus munjung Sunan Rahmat,                   76  
gék calik di payun Gusti,  
Kangjeng Gusti mariksa ka Sunan Rahmat.

7. Pék rai geura carita,  
Sunan Rahmat unjuk tadim,  
sumuhun pariksa tuan,  
jisim abdi rusuh teuing,  
tacan teuing mangarti,

kari-kari gancang tuluy,  
ari dongkap ka waktuna,  
sim abdi jadi paraji,  
jadi bengong hilap naroskeun larapna.

8. Ari pék sim abdi mecak,  
nyunatan téh tuluy mati,  
mecak ka jalma satunggal,  
jadi reuwas jisim abdi,  
ku sabab tuluy mati,  
Kangjeng Nabi heug ngadawuh,  
kumaha metakeunana,  
anu dijalankeun tadi,  
anu matak tuluy mati jalma nunggal.

9. Heug unjukan Sunan Rahmat,  
sumuhun timbalan Gusti,  
diteukteuk sama sapisan,  
Kangjeng Nabi téh ngalahir,  
paingan mun kitu rai,  
salah larapna téh tangtu,  
jadi éta hiji // jalma, 77  
meunang salamet di batin,  
réh ti heula di Jawa aya Islam nunggal.

10. Énggalna mah Sunan Rahmat,  
diwuruk ku Jeng Nabi,  
petana nu nyunatan,  
babango ti heula pasti,  
kakara péso deui,  
kulitna dikeureut semprung,



Sunan Rahmat geus tétéla,  
geus sidik piwuruk Nabi,  
nuhun Gusti ayeuna kahartos pisan.

11. Kangjeng Nabi ngadawuh,  
tina ayeuna geus ngarti,  
samangsa enggeus di Jawa,  
upama geus ripuh teuing,  
hadé gé nyieun wakil,  
supayana ulah ripuh,  
najan puluh ratusan,  
anu dijieun paraji,  
hadé baé supaya téréh nyunatan.

12. Sunan Rahmat matur mangga,  
Jeng Nabi ngadawuh deui,  
jeung kudu kagungan garwa,  
engkéna di tanah Jawi,  
supaya merenah calik,  
Sunan Rahmat tuluy matur,  
mangga ngiring dawuhan,  
ayeuna sim abdi amit,  
rék ngajengkeun nyunatan deui di Jawa.

13. Sunan Rahmat geus munjungan, //  
peureum barina jeung tadim,  
barang parantos munjungan,  
cengkat barina ningali,  
geus aya di tanah Jawi,  
saking diasih luluhur,  
karamatna mancur pisan,

sahabat wali kakasih,  
kacaturkeun Séh Rahmat aya di Jawa.

14. Mimitina di Jakarta,  
nyunatan téh lulus hasil,  
salamet nya lalampahan,  
ti Jakarta mapay deui,  
terus ka Pakuwan deui,  
di Pakuwan téh pahibut,  
nyunatan taya eureunna,  
amung mantrina nyalingkir,  
nyararumput sarieuneun disunatan.

15. Enggeus putus di Pakuwan,  
terus ka Cikolé sumping,  
di Cikolé téh nyunatan,  
sertana ngadamel wakil,  
paham biasa paraji,  
di Cikolé enggeus putus,  
aya ogé nu ninggal,  
dituluykeun ku wawakil,  
Sunan Rahmat geus terus ka Batulayang.

16. Di dinya kénging sabulan,  
Sunan Rahmat terus deui,  
ka Curug Sempur nagari,  
nepangan Ukur // narpati,  
enggeus tepang sareng rai,  
sonona kaliwat langkung,  
samalahan karajaan,  
geus kaluar ti narpati,

sugriyaning ménak anu anut Islam.

17. Kabeh pada dipocotan,  
ku Prabu Siliwangi,  
salos pun anak teu aya,  
kang rai langkung prihatin,  
samalahan ieu nagri,  
ku kang rai rék dikantun,  
kang rai rék ngiring pisan,  
jeung kang raka moal kanti,  
Sunan Rahmat ngiringan sakersana.
18. Tatapi digentos nama,  
ayeuna teh ku kang rai,  
Sang Kiyai Bagus Daka,  
nuhun pihatur kang rai,  
Sunan Rahmat hatur peling,  
putrana teh dipicatur,  
radén putra Tanjunglaya,  
jeung Radén Layang Kamuning,  
enggeus mukim éta di tanah Mekah.
19. Kakuping ku Bagus Daka,  
sakalangkung suka galih,  
rai beuki ngeunah pisan,  
mugi-mugi putra rai,  
aya rahmatna Gusti,  
hibarna rahmat luluhur,  
mugi jadi auliya,  
ditedakeun siang // wengi,  
ku ama téh nu masih di tanah Mekah.

## XV. PUPUH DANGDANGGULA

1. Sunan Rahmat Bagus Daka deui,  
enggeus angkat ti nagara éta,  
sinareng Bagus Daka téh,  
anjeunna taya karidu,  
wantu-wantu gerwana parantos mati,  
putra-putra teu aya,  
pada tolak ilmu,  
tinggal karaton teu melang,  
aya hiji mantri nu malang telik,  
terang nu miceun nagara.
2. Salos raja anjeunna seug calik,  
di karaton nyandak panganggona,  
karatuan aya kénéh,  
hiji mantri suka langkung,  
panganggona ka bopati,  
tuluy nganggo harita,  
teu aya nu weruh,  
tuluy baé jadi raja,  
tuluy deui ngagentos kakasih,  
Dipatu Ukur kadua.
3. Enggeus tetep salamet nu ngandih,  
abdi-abdi jero nagara téa,  
geus taya sawios-sawios,  
sigeug anu jadi ratu,  
kocap Sunan Rahmat deui,

peta sajalan-jalan,  
saban manggih lembur,  
henteu // weléh nu nyunatan, 81  
sami baé Bagus Daka jadi paraji,  
beuki tebih-tebih anu angkat.

4. Sumping deui kana urut tadi,  
nyorang deui dayeuh Pangadegan,  
turut-turut tegal baé,  
sumping ka urut kapungkur,  
nembe waktu jadi paraji,  
mung éta jalma nunggal,  
aya kenéh wujud,  
enggeus layon jadi bugang,  
tuluy baé dipulasara sakalih,  
dikubur dina urutna.

5. Dipelakan tangkal salam hiji,  
dina lebah panguburanana,  
sareng urut ngeureut péso,  
tasbih rahmat wali luhur,  
heug ngadawuh bari calik,  
mugi ieu pajatan,  
ahirna geus tangtu,  
jadi lembur ramé pisan,  
ngan ahirna jadi lembur éta pasti,  
ngaran lembur Salam Nunggal.

6. Lajeng deui Séh maraji,  
sareng rai Bagus Daka,  
ngidul mapay leuweung baé,

lirén deui di gunung,  
nya eta di Gunung Tiis,  
malah Sanghiang Tapak,  
tapakna Lumayung,  
ngareunah anu lalenggah,  
keur hareudang angin // tiis ngadalingding, 82  
éta gunung dingaranan.

7. Anu matak nelah Leuweung Tiis,  
ti harita dumugi ayeuna,  
Sunan Rahmat kacarios,  
karék émut ka Rasul,  
kudu nyelang gaduh rabi,  
di mana akang garwaan,  
lamun kersa mah,  
aya hiji istri ngaran Pagerwangi,  
geus henteu ibu teu rama.
8. Éta istri alo ibu abdi,  
putra ibu imbang nu geus wapat,  
sadérék Dalem Pagawén,  
di Puger nya pahatu,  
Sunan Rahmat lajeng ngalahir,  
di mana baé parengna,  
ulah henteu nurut,  
kana sakabéh dawuhan,  
ari menggah Jeng Nabi Rasulullahi,  
pang aya dawuhanana.
9. Teu sabongbrong tangtu kapanggih,  
aya dina piahireunana,

masing hadé ulah poho,  
saranna Kangjeng Luluhur,  
bisi rai tacan mangarti,  
éta kakasih Allah,  
sirahing para rasul,  
makuta para anbiya,  
anu angkat maké // putih tara kanti,  
éta pajeng salanggengna.

10. Kitu deui éta Kangjeng Nabi,

taya aya wawayanganana,  
éta téh pertanda naon,  
bisi rai henteu weruh,  
tanda manusa lineuwih,  
mana pajeng mega bodas,  
pertanda luluhur,  
bumi langit jeung eusina,  
sawarga aras reujeung kursi,  
nya éta anu kagungan.

11. Lan sakabéh mahluk nu kumelip,

nya ti dinya eta asalna,  
mana urang sing rumasa,  
di jero waktu keur hirup,  
dilain-lain moal lain,  
urang hukum ngadunungan,  
samangsa keur hirup,  
eukeur gé betah di dunya,  
ari enggeus nepi mah kana perjangji,  
lohmahpud anu nundungna.

12. Kudu baé urang téh mati,  
henteu bisa nyebut eukeur betah,  
da geus nepi ka papastén,  
kitu Séh Rahmat nyaur,  
urang kudu balik deui,  
Tambakbaya geus kaliwat,  
Bagus Daka nyaur,  
sumangga atuh ngiringan, //  
geus jung angkat dongkap kana sirah cai, 84  
nya di dinya tuluy siram.

13. Jeung ngilangkeun kabéh bangsa sihir,  
nu ka tukang kabéh kawedukan,  
ari anu dipetakeun teh ,  
karamat Sunan Luluhur,  
heug ngadunga bari calik,  
ieu cai sing caah,  
seja miceun weduk,  
bisi aya tutunggakan,  
henteu lami caah gedé liwat saking,  
léong palid Bagus Daka.

14. Geus ngaléong kabawa ku cai,  
wantu-wantu cai caah,  
teu kinten cai nya gedé,  
nu matak palid beuki jauh,  
Bagus Daka sebér pikir,  
ngagero ka Sunan Rahmat,  
mundut tulung-tulung,  
Sunan Rahmat heug nulungan,  
nulungan gé ngadeg baé jeung bari ningali,



bari metakeun karamat.

15. Heug ditepak cai gedé leungit,  
saat pisan ningal batu rapang,  
Ki Bagus Daka nyéréngéh,  
kagét bari gumuyu,  
ningal karamat Sunan wakil,  
tebihna // geus sapal,  
harita geus tepung,  
nyéta cai téh geus nelah,  
tadina Bangawan Cigunung Tiis,  
ayeuna Cikawedukan.

16. Sunan Rahmat Bagus Daka deui,  
enggeus angkat nya ka Tambakbaya,  
di dinya nyunatan baé,  
saban-saban di kampung,  
Bagus Daka jadi paraji,  
pakampungan-pakampungan,  
di dinya geus putus,  
kebat ka Puger angkatna,  
enggeus angkat ka Puger kagungan rai,  
ka Nyi Pugerwangi téa.

17. Lamina téh di Cihaurbeuti,  
panganténan sabulan lamina,  
garwana lajeng bobot,  
lamina bobot dicatur,  
nya sakitu sapuluh sasih,  
dumugi ka babar,  
putra kembar lucu,

ibuna téh tuluy wapat,  
heug mati téh dipulasara sakali,  
kasmaran ditinggal garwa.

## **XVI. PUPUH ASMARANDANA**

1. Sunan Bidaya prihatin,  
saréhing katilar garwa,  
kantun putra nu prihatos,  
putra // katilar ibuna, 86  
putra marulus pisan,  
aya deui nu kacatur,  
sadérékna Bagus Daka.
  
2. Sadérék saibu istri,  
nya kitu katilar putra,  
putra Séh Rahmat dirorok,  
langkung-langkung suka manah,  
réhing geus aya gentosna,  
beuki lami putra mulus,  
lajeng dipasih jenengan.
  
3. Ari nu ti heula bijil,  
éta disebut rakana,  
jeung ari kakasihna téh,  
Rahadén Ali Muhamad,  
nu pandeuri Ali Akbar,  
éta putra langkung mulus,  
lami-lami Sunan Rahmat.

4. Ti Puger geus angkat deui,  
terus ka Kandang Serang,  
di dinya Sunan Rahmat téh,  
ngadamel wakil nyunatan,  
dua tilu opat lima,  
dumugi ka puluh-puluh,  
ti Kandang Sérang geus jengkar.
  
5. Bagus Daka henteu kanti,  
mapay-mapay pilemburan,  
énggalna ieu carios,  
saurut tadi ngajajah,  
Cilagondi Korobokan,  
Dayeuh Handap Dayeuh // manggung, 87  
Purbasana Panumbangan.
  
6. Lebak Jawa Cimalati,  
Cisireum lawan Cikupa,  
Sangkan Cikaso Pagedéng,  
Méter Cibeureum Batara,  
Haur Panggung Cilolohan,  
Parung Kawalu Cinunuk,  
suka Kedunghalang pisan.
  
7. Terus ka Cihaurbeuti,  
di dinya téh Sunan Rahmat,  
jeung rai heug pada mios,  
Rai ayeuna téh Kakang,  
di Jawa kalamian,  
wayahna Rai dikantun,  
di Puger jeung anak Akang.

8. Itung ngalorok Kang Rai,  
upama aya yuswana,  
dipanjangkeun umurna téh,  
da rai téh tunggal putra,  
geus percaya kacida,  
jaga pagéto dibantun,  
dipasantrénkeun ka Mekah.

9. Akang ayeuna téh Rai,  
badé unjukan ka Mekah,  
énggal ogé di ditu téh,  
ngajurungkeun tuang putra,  
serta putrana pisan,  
tetep di Séh Bayannuhu,  
ngaosna sareng putrana.

10. Malah geus gentos kakasih,  
tuang putra Tanjunglaya,  
ari // jenenganana téh,  
jeneng Séh Abdul Patah,  
ari Layang Kamuning mah,  
tina ngaosna geus putus,  
nama Séh Séwu Nagara.

88

11. Jeung Séh Abdul Patah deui,  
gawéna éta di Mekah,  
barina éta ngalorok,  
selang-selang ngaos Quran,  
budak ngaran Bayanullah,  
putra Séh Bayannuhu,

kadangu ku Bagus Daka.

12. Sakalangkung suka galih,  
Bagus Daka heug unjukan,  
ku perkawis rai téh,  
badé ditilar ka Mekah,  
insya-Allah tumut pisan,  
neda dunga anu makbul,  
ditarima ka-Islaman.
  
13. Sunan Rahmat nyaur deui,  
atuh ayeuna pun Akang,  
geus mustari badé mios,  
Bagus Daka geus munjungan,  
kocap Sunan geus angkat,  
Bagus Daka anu kantong,  
di Puger jeung sadérékna.
  
14. Sigeug Bagus Daka deui,  
ayeuna kantong nyalira,  
Séh Rahmat nu kacarios,  
geus di payun Rasulullah,  
mangsa geus di Madinah,  
Séh // Rahmat tuluy munjung,  
ka pangkon Jeng Rasulullah.
  
15. Geus munjung ti Kangjeng Gusti,  
tuluy ka para sahabat,  
Abubakar Umar onkoh,  
ka Ali sareng ka Usman,  
geus munjung lajeng angkat,

barina nyanggakeun buku,  
catetan nu disunatan.

16. Geus kamanah ku Jeng Nabi,  
sakalangkung diasihna,  
parasahabat sakabéh,  
geugeut asih ngiring suka,  
Bagénda Ali ka putra,  
lamun ka Gagak Lumayung,  
sakalangkung kaasihna.

17. Jeung éta Séh Rahmat deui,  
geus tetep jenenganana,  
wakil luluhur nu kahot,  
sareng deui panganggona,  
kana hideng kameumeutna,  
disétra jubah saput kayu,  
laken Mesir anu hérang.

18. Lami-lami Kangjeng Nabi,  
mariksa ka Sunan Rahmat,  
cik kumaha ayeuna téh,  
tékad anu kanaktuan,  
suka betah téh di mana,  
Sunan Rahmat tuluy matur, //  
sumuhun timbalan tuan.

19. Manawi idin Jeng Gusti,  
kuka betah téh di Mekah,  
atawa di Madinah téh,  
ngiring caket dampal tuan,

Kangjeng Nabi nimbalan,  
ayeuna nya wayahna atuh,  
piunjuk tarima pisan.

20. Ngan urang langkung hawatir,  
umat nu aya di Jawa,  
manawi dijieun wakil gé,  
hidep téh pikeun di Jawa,  
poma awas rék samar,  
sanajan di Jawa tangtu,  
kula nu pikeun narima.

21. Kana ibadah nu suci,  
sumawon awak sorangan,  
abdi-abdi saha baé,  
anu turut ka andika,  
ibadahna waluya,  
jaga di ahérat nanggung,  
barang Nabi keur ngandika

22. Malaikat pada nyaksi,  
bangsa jin kabeh nyaksian,  
saur kakasih Yang Manon,  
wakil luluhur unjukan,  
nuhun timbalan tuan,  
jisim abdi seja tumut,  
kana dawuhan gamparan.

23. Pirang-pirang jisim abdi,  
kauntungan ti gamparan,  
darajat jisim abdi téh,

kelar tepang jeung mustajab, //  
Gusti langkung waspada,  
sanajan di Mekah dumuk,  
mun Gusti henteu narima.

24. Cilaka diri sim abdi,  
nu welas katampi salah,  
yén abdi katotoloyoh,  
nuhun paparin gamparan,  
kasuhun kalingga murda,  
dicangreud di tungtung rambut,  
seja nuhun katimbangan.

25. Jeng Nabi ngadawuh deui,  
mun owél ku tanah Mekah,  
ti dieu téh mawa baé,  
tah ieu enggeus sadia,  
taneuh Mekah dipetian,  
jadi ieu taneuh makbul,  
jeung deui aya baurna.

26. Jero peti buli-buli,  
eusina téh aér jamjam,  
di jero buli-buli téh,  
serta ieu taneuh Mekah,  
di luhur peti téa,  
ieu taneuh pucuk gunung,  
dina luhur peti numpang.

27. Taneuh pucuk Gunng Jati,  
lamun keur dibawa tiba,



manéh ulah jadi kagét,  
ieu pangtiba di dinya,  
pikeun tempat auliya,  
lebah tanah anu luhur,  
di dinya éta tibana.

28. Kitu deui dawuh Nabi,  
peti téh aya jangjina,  
serta ieu jangjina téh,  
lamun peti enggeus gedog,  
geus hanteu beunang dipondah,  
manéh dinya kudu turun,  
pikeun tempat manéh pisan.

29. Papada aya di Jawi,  
kumaha ieu gedogna,  
gedog di jero peti téh,  
di dinya manéh nya tempat,  
ngajalankeun ibadah,  
saha jalma anu weruh,  
kana tempat manéh pisan.

30. Tangtu meunang mulya diri,  
dijauhkeun balaina,  
jeung meunang sapaat gedé,  
kolot budak kuring ménak,  
tangtu meunang kurnia,  
sapaat ti Kangjeng Rosul,  
dijungjungkeun darajatna.

31. Kocap ratu ejin,

ngiring nyambungan kanyaah,  
pikeun tungganganana téh,  
kuda samparani téa,  
kuda tedak Jabalkop,  
kuda nu sok bisa ngapung,  
dimomotkeun peti téa.

32. Momotan parabot deui,  
saperti kuda umbal,  
sadia dina kuda téh,  
pangandika // Ratu Ajrak,  
anjeun téh tunggang kuda,  
wakil luluhur sok pok nyaur,  
palangsiang moal kuat.

93

33. Nya dimomot nya dititih,  
ari saur Ratu Ajrak,  
lain anjeun anu momot,  
tibatan capéun kuda,  
anjeun anu dimomotan,  
karamat anjeun keur mancur,  
kaauban ku mujijat.

## **XVII. PUPUH KINANTI**

1. Wakil luluhur heug nyaur,  
nya éta ka ratu ejin,  
naha teu dikadalian,  
ratu jin imut jeung manis,  
najan teu dikadalian,

moal burung nyaho deui.

2. Kapan kadalina matuh,  
karamat liat téh teuing,  
najan tepi ka aherat,  
batan pegat anggur ngunci,  
sakitu éta sumangga,  
nya ieu urang kadali.
3. Geus dikadalian putus,  
kadalina langkung tarik,  
mani ngan sagedé kawat,  
pangandika ratu ejin,  
engkang haji ieu kuda,  
ayeuna sumangga titih.
4. Ratu ejin tuluy nyaur,  
ka nu rék mulih ti Jawi,  
kieu saurna ka Sunan,  
anjeun // téh didamel wakil, 94  
wawakil gusti panutan,  
ngislamkeun sa-Pulo Jawi.
5. Kangjeng Nabi heug ngadawuh,  
gentrana ku leuwih manis,  
manéh sing tetep di Jawa,  
jeung deui engké ku kami,  
mo diantep salawasna,  
dituturkeun ku ulami.
6. Dago ku manéh di ditu,

najan seuweu putu kami,  
dijaganing pagéto,  
tangtu aya nu ka Jawi,  
boh manéh bisi tugenah,  
kakuping ku wakil Gusti.

7. Bungangang manah kalangkung,  
heug naros deui ka Gusti,  
sim abdi unjuk uninga,  
réh anak incu sim abdi,  
aya di Nagara Mekah,  
Seh Abdul Patah kakasih.

8. Ngaos di Séh Bayanuhu,  
mugi aya wangsit Gusti,  
supaya pulang ka Jawa,  
pangandika Kangjeng Nabi,  
montong melang kuma Kakang,  
tangtu dijurung ka Jawi.

9. Najan putra Bayanuhu,  
di ahirna mugi-mugi,  
sing aya manah ka Jawa,  
los Radén dijurung indit  
wakil luluhur heug mandap, // 95  
neda ijab jisim abdi.

10. Nyolodok munjung ka Rasul,  
geus munjung ti Kangjeng Nabi,  
lajeng munjung ka sahabat,  
Abubakar Umar Ali,

ka Usman ka Raja Ajrak,  
parasahabat pada asih.

11. Gusti Ali kelar kantung,  
nangis barina ngalahir,  
mugi anak incu bapa,  
dipareng jarah ka Jawi,  
los radén disambung dunga,  
mugi sing lulus di Jawi.

12. Wakil luluhur geus putus,  
kénging jiadna ti Gusti,  
sarawuh parasahabat,  
lepas lampahna nu mulih,  
geus ka luar ti nagara,  
samparani geus dititih.

13. Barang keclak biur ngapung,  
sakilat lampahing angin,  
tumurun di Pulo Selan,  
petina gedog sakali,  
kuda masih kénéh aya,  
pucuk Gunung Jati masih,

14. Ti Sumatra biur mabur,  
sakilat lampahing angin,  
tumurun di Hujung Kulon,  
petina gedog sakali,  
kuda masih kénéh aya, //  
pucuk Gunung Jati masih.

15. Ti Jakarta deui mabur,  
nya kitu lampahing angin,  
turun di Bagénda Sélon,  
petina gejlog sakali,  
kuda masih kénéh aya,  
pucuk Gunung Jati masih.

16. Ti Bagénda Sélon tuluy,  
sakilat lampahing angin,  
turun di Gunung Amparan,  
petina gedog sakali,  
pucuk Gunung Jati tiba,  
pasti tempat parawali.

17. Wakil luluhur heug émut,  
uninga tempatna wali,  
nyaéta di Nagri Campa,  
ahir nelah Gunung Jati,  
amung kuda masih aya,  
di Karawang henteu lami.

18. Tinya deui biur mabur,  
ngan sakilat lampah angin,  
heug tumurun di Karawang,  
petina gedog sakali,  
kuda masih kénéh aya,  
di Karawang henteu lami.

19. Ti dinya téh biur mabur,  
ngan sakilat lampah angin,

kuda téh begér kacida,  
hohoang pun samparani,  
petina// gedog kacida,  
tumurun di Gunung Jati.

97

20. Sawétaneun Dayeuh Manggung,  
peti gedog kuda leungit,  
samparani ilang musna,  
anu kantunngan kadali,  
rawuh parabot momotna,  
petina énga sakali.
21. Sumerep Kangjeng luluhur,  
heug dibuka éta peti,  
nya eusina taneuh Mekah,  
sareng hiji buli-buli,  
eusina éta erjamjam,  
jeung béh surat dina peti.
22. Unggelna serat kamalum,  
kieu unina téh tulis,  
ieu tanah nu dibawa,  
bisi hidep henteu ngarti,  
tapel kubur hidep téa,  
di dieu di Gunung Suci.
23. Ieu ér jamjam disebut,  
anu dina buli-buli,  
pertanda hidep téa,  
tina tumurut ka Nabi,  
sumerep agama Islam,  
tegesna murid mukamil.

24. Panglinggihan hidep sebut,  
Godog asal gedog peti,  
hartina Godog téa,  
lalampahan anu linggih,  
ari enggeus kamanah mah, // 98  
imankeun papagon Nabi.
25. Geus disebut wali luhur,  
sababna wawakil Nabi,  
sakitu unggelna serat,  
geus tetep dinya nu linggih,  
mangsa harita matapan,  
ngancik pirang-pirang sasih.
26. Samangsa geus hiji taun,  
kakara yén kénging warti,  
pada sumping panembahan,  
ti Lebakjaya nu ngungsi,  
sembah Dalem Pagerjaya,  
sembah Kuwu Kandang Sakti.
27. Sembah Dora nu katilu,  
pada ngadeuheusan sami,  
wakil luluhur geus ningal,  
disambat diasih-asih,  
hiap parapanembahan,  
ka putra geus dugi linggih.
28. Urang bakal seueur tamu,  
geus kitu ti dinya deui,



kocap parapanembahan,  
seug marunjung padatadim,  
geus parantos marunungan,  
ngaberes hormat caralik.

29. Kaula nulis geus tutug,  
nuju waktu duhur ahir,  
dina Salasa poéna,  
genep welas tanggal sasih,  
Rayagung ngaran// bulanna,  
anu nulis langkung doip. //